ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№13 (23.421) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 25, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей студентхэм я махуэм ирихьэлІэу Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и къуэкІыпІэ

2017 гъэм щІышылэм и 25-м

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Урысей студентхэм я махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

ЦІыхур щеджэ илъэсхэр Іуэху дахэхэмкІэ гъэнщІа лъэхъэнэ хьэлэмэтщ. Апхуэдэу ар гъащІэ гъуэгур къыхэхьнымкІэ жэуаллныгъэ зыпылъ зэманщ. Фэ фи къарум, еджэнымрэ Іэщ1агъэ зэгъэгъуэтынымрэ фызэрегугъум фи къэкІуэнури, ди къэралым и къэкІуэнури куэдкІэ ельытащ.

Республикэм щызэтеува Іэмалхэр къэвгъэсэбэнурэ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ зэгъэгъуэтыным жьыдэру фыхущІэхъуну, мурадыфІхэр фиІэну икІи узыншагъэр хъумэным фегугъуу фыпсэуну, фи Іэщ1агъэр нэсу щІэгъэкъуэн къэфщІыну икІи зэвгъэгъуэта зэфІэкІыр фыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум фІыгъуэ къахуэхьыным хуэгъэзауэ къэвгъэсэбэпыну сыфщугугъ.

Республикэм и студент псоми узыншагъэ быдэ, насыпэ яІэну, тэмэму еджэну, тегушхуэныгъэ яхэлъыну икІи творческэ екъулІэныгъэхэр къахьыну сохъуэхъу!

Къабэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэн ахъшэ федеральнэ бюджетым къеутІыпщ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий Іэ щІидзащ «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху къуажэ щІыналъэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьныныр» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным трагъэкІуэдэн папщІэ къэралым и щІыналъэхэм федеральнэ бюджетым къыхэкІ субсидиехэр ятегущэныжкІэ унафэм.

Программэм хиубыдэу ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэнум езым къыпІыысыр мы гъэм хилъхьэн папщІэ Къабэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 62-рэ мини 194-рэ хухахащ. Ар трагъэкІуэдэнущ кІуажэхэр псыкІэ, газкІэ къызэгъэпэщыным, унэгъащІэхэмрэ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэмрэ я псэукІэр егъэфІэкІуэным, кІуажэ щІыналъэхэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ жэрдэму къыщалэтхэр зыгъэзащІэхэм грантхэр яхуэхъуным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Хабзэхъумэхэр зэрылэжьар къапщытэж



Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь нэхъ япэкІэ иригъэкІуэкІауэ щытащ экономикэ щынагъуэнщагъэмрэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ Іэнатіэм и унафэщІхэр къызэрихьэлІа зэІущІэ. Абы 2016 гъэм зэфІагъэкІахэр къыщапщытэжащ икІи дызэыхьха щІыпэсым къэув къалэнхэр щІадзэныхуащ.

Дыгъуасэ министрыр хэтащ хабзэхъумэхэм ядэлэжьэнымрэ кадр ІуэхуэхэмкІэ управленэм и зэІущІэм. Абы щытепсэлъыхьащ илъэс кІуам зэфІагъэкІахэм, лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм хэгъэхъуэным, нэгъуэщІхэми.

Ромашкин Игорь *(сурэтым)* къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукІащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм социальнэ дэІэпыкъунигъэ етыныр, Іэнатіэм пэрыту хэкІуэдахэм я бынхэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Апхуэдэу министрым къигъэлъэгъуащ хабзэхъумэ органхэм щылэжьэну къакІуэхэм я нэхъыбэр а Іуэхум зэрыхуэхьэзырыр.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1анІэ.

ТекІыным и пэ къихуэу

США-м и президенту щыта Обамэ Барак текІыным и пэ къихуэу нэгъуэщІ къэрал зыбжанэм ахъшэхуэ яхуиутІыпщащ.

Псалъэм папщІэ, США-м и правительствэм къыбгъэдэкІыу Палестинэм иратащ доллар мелуан 221-рэ. Ар Обамэ апхуэдэу щІищІауэ къалъытэр Трамп «епІэскІун» щхьэкІэщ - Дональд къэралым и президенту зыхригъэхьыным теухуа кампаниер щригъэкІуэкІым Израильр къызэрыдэІэпыкъур, и телъхьэу къызэрыувыр мызэ-мытІэу къыхигъэщауэ зэрыщІтарщ.

КъымыдэкІэ, щІыуэпсым и щытыкІэм зэрызихъуэжьым кІэлъыплъ, абы пэщІэтынымкІэ хэкІыпІэхэр къэзылъыхъуэ Іуэхущ1анІэхэм доллар мелуани 4, ООН-м и къудамэу цІыхур гъэпщылІынымрэ гущІэгъуншагъэмрэ ебэныным зи лэжьыгъэр хуэгъэпсам доллар зы мелуанрэ мин 250-рэ яритащ Обамэ.

Хэщ1ыныгъэшхуэ егъуэт

Урысейм санкцэхэр къызэрыхуагъэувРэ Венгрием фІэкІуэдащ евРэ мелларди 6,5-рэ. Апхуэдэ хэщІыныгъэ къэралым зэриГъэтар жиІащ Венгриемрэ нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм и пашэ Сийярто Петер.

«Псори зэхэту евРэ меллард 90 и уасэ хъууэ аращ дэ нэгъуэщІ къэралхэм едгъашэ продукцэр икІи экономикэм игъуэт хэщІыныгъэр занщІэу сэтей къохъу», - жиІащ абы.

Политикым къыхигъащащ къэралхэр зэман гъунэгъу дыдэм зэгурыІуэжмэ езыми я къэралым щыпсэуэхэми нэхъ къызэращтэнур икІи а Іуэхум США-м и идджырей унафэщІхэри хэлъыфІыхьыну зэрыщыгугъыр.

НОБЭ

♦**Студентхэм я махуэщ. Татьянэхэм я махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ-Тенджызэ флотым и къуэхьэм я унафэщІхэм я махуэщ**

♦**1755 гъэм** Москва къэрал университетыр къызэІуахащ.

♦**1918 гъэм** къащтащ ягъэлІыщІэ лэжьакІуэбэм къащхьэщыжь, абыхэм я хуитыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуэ декларацэр.

♦**1919 гъэм** Деникиным и дзэхэм Налшык яубыдащ.

♦**1924 гъэм** Шамони (Франджы) къыщызэІуахащ ящ Щымахуэ Олимп Джэгуэхэр.

♦**1936 гъэм** Стахановым и лэжьакІэм теува гупышхуэ лъакъуэрыгъажэкІэ Налшык къэкІуащ.

♦Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1анІэхэр Адыгеймк къыщызгъэпэщыным и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Совет, куржы политик, къэрал лэжьакІуэ, Куржым и президенту щыта **Шеварднадзе Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **Щоджэн Аслъанджэрий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет фигурист, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Жук Станислав** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, композитор, уэрэджы1акІуэ, актёр щІэрыІуэ, СССР-м и Къэрал сагъэтыр зрата **Высоцкий Владимир** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Безыр Тэмал** и ныбжьыр илъэс 80-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубэ артист **Добрынин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щад Азджэрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, каскадёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ростоцкий Андрей** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щІыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щІыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъылыр къалэнкъым, хабзэр убзэнкъым.

● Абы дегъэпІейтей

ЩІыхуэр зытегъэкІыжыным топсэлъыхь

Гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэр (ТЭК) зэрылажьэм пыщІа гугъуехьэр зэфІэзыныкмкІэ ведомствэхэм зэдай гупым и зэІущІэ КъБР-м и Правительствэм щышылэм и 23-м щекІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, КъБР-м и Іэтащхьэм и къэрал гъэнджэщэгъу Бозий Натбий сымэ, нэгъуэщІхэри.

МУСУКОВЫМ зэІущІэр къыщызэІуихым Унафэщі Іуэхуэ-энергетикэ Іэнатіэр зэрылажьэм пыщІа гугъуехьэхэр зэфІэхьныкмкІэ ведомствэхэм зэдай гупыр къызэрагъэпэщын хуей щІэхъуамрэ абы и къалэн нэхъыщхьэмрэ и гугъу ищІащ.

- Республикэм гъэсныпхъэу къекІуалІэр къэпщытэныр, ар Іуэхущ1анІэхэмрэ цІыхухэмрэ зэрытрагуашэм, щхьэж игъэсам пэкІуэж уасэр къыхэхыным кІэлъыплъыныр, а псори тэрэзу зэкІэлъыгъэкІуэнырщ ди къалэн нэхъыщхьэр. Мы гупым куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр хэтщ, - жиІащ Правительствэм и Унафэщым.

Бэлэтокъуэр тепсэлъыхьащ 2016 гъэм ди республикэм гъэсныпхъэу къигъэсэбэпамрэ абыкІэ къытехуа щІыхуэр зыхуэдизымрэ. Абы къыхигъащащ ТЭК-р зыІуу гугъуехь нэхъыщхьэр гъэсныпхъэм и уасэр къызэрыхамыхьжыфыр зэрырарар.

- «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м къызэрытымкІэ, 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм гъэсныпхъэмкІэ щІыхуэу ди мелларди 10-м нэс тельщ. БлэкІа илъэсым и мазэ 11-м къриубыдэу ди мелард 1592,7-рэ зэтредгъэхьащ. КІэщІу жыпІэмэ, щІыхуэр процент 16-кІэ хэхуащ. 2015 гъэм щІыхуэр зыпшыныжхэр газыр къызэрыгъэсэбэпхэм я процент 70,7-рэ хъурт, ауэ 2016 гъэм а бжьыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ - процент 65,3-м нэсу къехащ. ЩІыхуэм и нэхъыбэр зытелъыр унагъуэхэращ - сом меларди 4997,3-рэ (процент 52-рэ), коммунальнэ Іуэхущ1анІэхэм сом меларди 3954-рэ (процент 39,7-рэ), бюджет Іуэхущ1анІэхэм сом мелуан 57-рэ (процент 0,57-рэ) ятелъщ, - къыхигъэщащ Бэлэтокъуэм.

АдэкІэ къулыкъущІэр щхьэхуэу къытеувыІащ куейхэм зэтрагъэхьа щІыхуэмрэ гъэсныпхъэхэм я уасэр къызэрыхахыж щІыкІэмрэ.

Республикэм гъэсныпхъэхэр къызэрекІуалІэм, абы пэкІуэ уасэр зэратым, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм зэхуэдэкІыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуеймри и гугъу щащІащ зэІущІэм. Ауэ Правительствэм и Іэтащхьэм къызэхуэсахэр абы хуемыпІэщІэкІыну къыхуриджащ.

- Ди щІыналъэм гъэсныпхъэхэмкІэ щІыхуэу телъыр тпшына нэужь дытепсэлъыхьынщ абы, иджыпсту модернизацэм дыхуэхьэзыркъым. КъищынэмыщІауэ, мы Іуэхум хэлъ ныкъусаныгъэхэм къыхэкІыу къулыкъущІэ зыбжанэ я Іэнатіэм текІым хуей хуащ - гъэсныпхъэхэмкІэ ятелъ щІыхуэр яхуэмыпшынижу е щІыхуэр зыхуэдизыр яхуэзэхэмыгъэкІыурэ нэхъри зэтрагъэхьауэ, - жиІащ Мусуковым.

Налшык гъэсныпхъэмкІэ телъ щІыхуэхэр зэрапшынымтепсэлъыхьащ къалэ адміниститрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий**, Абы кьихь бжыгъэхэмкІэ Правительствэм и УнафэщІыр арэзы хъуакъым. Къалэм телъ щІыхуэм и Іуэхур зэрыззэхэзэрыхьар, лъэныкъуэхэм къагъэлъагъуэ бжыгъэхэр зэрызэхуэмыдэр, абы и пэжыпІэр зэрызэхэгъэкІыпхъэр жиІащ Мусуковым.

КъБР-м и гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэм хабзэр зэрыщагъэзащІэ щІыкІэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ республикэм и прокурором и япэ къуэдзэ **Жекеев Алахберди**.

- Мы унэтІныгъэм щІыхуэхуэу зэрепхам щхьэкІэ, ар къызыхкІымрэ зэрызэтрихьэ щІыкІэмрэ зэпымычу дыкІэлъэплъ. Абы теухуауэ 2016 гъэм зэфІэдгъэкІа къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ хабзэр 100 къызэпаудауэ. Абыхэм щхьэкІэ къулыкъущІэ 12 жэуапым ирашэлІащ, хабзэр къызэрызэпаудым теухуа тхыльи 4 зэхагъэуваУэ къыщІэщыжащ, щхьэхуещагъэкІэ зи къулыкъу къэзыгъэсэбэпа унафэщІ зыбжанэ я Іэнатіэм трагъэкІащ, зы уголовнэ Іуэху къаІэтащ, - жиІащ Жекеевым.

Прокурором и къуэдзэм къиІэта Іуэхум къыпищу къэпсэлъащ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и нэхъыщхьэ **Ефэнды Олег**. Абы зэрыжиІэмкІэ, 2016 гъэм Іуэхущ1анІэ 12500-м я лэжьакІэм кІэлъыплъащ. Абыхэм ящыщу щІыхуэм и процент 17,7-рэ цІыху щхьэхуэхэм яхуозэ, Іуэхущ1анІэхэм - процент 82-р.

«Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщІ **Анастасов Владимир** псалъэ щратам жиІащ илъэсым къриубыдэу республикэм сом меларди 8 и уасэ гъэсныпхъэ къекІуэлІауэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, 2015 гъэм елъытауэ, 2016 гъэм гъэсныпхъэ нэхъыбэ къызэрыдгъэсэбэпар. Анастасовым къызэрилъытэмкІэ, ар дунейм и щытыкІэращ къызыхэкІар - 2016 гъэр нэхъ щІыІащ. Зэ1ущІэм къекІуэлІахэр унафэщІым жиІэм арэзы техъуакъым. Газыр щискІэ щІыхуфэу къэблэн хуейщ, ауэ ди республикэм къекІуалІэ гъэсныпхъэр гъэзэжу маблэ, зэрыжаІэмкІэ. Абы къиГъэльагъуэр зыщ - паспортым итымрэ ди щІыналъэм къекІуалІэмрэ я фІагъэр зэрызэхуэмыдэрщ. Газым и уасэр и фІагъэм зэрелъытар, ар анализ щащІ щІыпІэхэр дызэримыІэри къэплъытэмэ, къыдату жыхуаІэ гъэсныпхъэмрэ гъэсныпхъэмкІэ щІыхуэу телъым иджыри зэ урипІэжьыныр зэранкъым.

Правительствэм и Унафэщ1ым, жаІахэм едэІуа нэужь, къалэн ящищІащ зэІущІэм къыщапсэльа гукъеуэхэм иджыри зэ хэпльэжьын, унафэм и проектым хэлъхьэжьпхъэ зэхуэхьІныгъэхэр зэрагъэзэхуэжу мыгувэу и пащхьэ иралъхьэн зэрыхуейр.

ФЫРЭ Анфисэ.

УнэгъащІэхэм папщІэ сом мелуан 63-рэ

Унэгъащ1эхэм псэупІэхэр яхуэхъуныкмкІэ (къащ1эхуныкмкІэ) защІэгъэкъуэным теухуа программэм республикэм и Іыхьэу хилъхьан папщІэ Къабэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 63-м щІигъу къыхуаутІыпщ. 2015 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ къащта апхуэдэ унафэм Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий.

Унэ щащІкІэ (къыщащэхухкІэ) абы и уасэм щыщу сабий зымыІэ унагъуэхэм процент 30, зы бын е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм процент 35-рэ нэхъри мынэхъ мащІэ къэралым яхухилъхьэнущ.

ІэнатІэншэхэм гу зылъатапхъэ

«ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныкмкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ Налшык къалэм и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1анІэм иджыпстукІэ лэжьапІэ зимыІэ цІыхуэхэр кърегъэблагъэ Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуеджэн папщІэ. Зыхурагъэжьну Іэщ1агъэхэр: автомобилхэр зэгъэпэщжьынымкІэ слесарь, ЭВМ-м и оператор, унафэщІым и секретарь, лифтёр, электромонтёр, котельнэм и оператор, бухгалтер, пщафІэ, электрогазосварщик, парикмахер, косметолог, маникюршэ, дэрбзэр, хьэрычэтыщІэ.

ЦІыхуэхэр егъэджэным текІуэдэну ахъшэр цІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэзыгъэпэщ Іэнатіэм къиутІыпщынущ. Іэщ1агъэ зэзэгъэгъуэтхэм щеджэ зэманым стипендие иратынущ.

Іэщ1агъэ зэгъэгъуэтыным пыщІа Іуэхуэхэм нэхъ зыуфгъуауэ щыгъуазэ зыфщІ хъунущ мы адресымкІэ: Налшык къалэ, Ахъуэхъум и уэрам, 141а, «ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныкмкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ Налшык къалэм и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1анІэ, пэш №305.

Телефонхэр: **77-27-19**, **77-54-24**.

● АПК

Іэщ гъэхъуным зеужь

2017 и пэщІэдзэм ирихьэлІэу КъБР-м и мэкъумэш Іэнатіэхэм Іэщ1ышхуэхэм я бжыгъэр мин 264-м щынагъэсащ.

АБЫХЭМ жэм къашу мини 130-м нэс яхэтщи, абыхэм къащІэхъуэхэм нэхъыбэу лыхэкІымкІэ щогугъ. Къапщтэмэ, ди республикэр нэсу лымкІэ къызэгъэпэща хъун папщІэ зыхуеинур тонн мини 100-м щІегъу.

Иджыпсту мы Іуэхум нэхъыбэу телажьэр уней мэкъумэш Іэнатіэ мыинхэр къызэзыгъэпэщахэмрэ фермер хозяйствэхэмрэщ. «Іэщ гъэхъуным зегъэужьынымрэ» программэм и лъэныкъуэкІэ абыхэм къэралыр субсидие хъарзынэхэмрэ грант щхьэхуэхэмкІэ къадэІэпыкъу икІи Іуэхур нэрылъагъуу ипхкІэ мэкІуатэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЛъэрыжэкІэ къэзыжыхьыну хуейхэр фрагъэблагъэ

Налшык щыІэ Абхъазым и утым дыгъуасэ лъэрыжэ къэжьхьапІэ къыщызэІуахащ.

ИЛЪЭС епланэ хъуауэ къызэрагъэпэщ а Іуэхур республикэм щыпсэу куэдым фІыуэ яІэгъуэ нэгузэгъэжьыпІэщ. Мылыр хуэсакъыу зэрызэрахьэм и фІыгъэкІэ абы лъэрыжэкІэ шынагъэншэу укъыщыфэ хъунущ. Лъэрыжэ теувагъащІэхэм фэбжь ямыгъуэту къэжьхьыкІэ зрагъэщІэным инструктор Іэзэхэр набдзэгубдзапльэу кІалъопльэ. Ягъэ медициниэ Іуэхутхьэбзэр зэрыхуащІэ ІэмэпсымэхэмкІэ зэщІэуэзда дохутыри щолажьэ а щІыпІэм. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу а утым пэмыжьжьэу шей ефапІэ къыщызэрагъэпэщынущи, абдежми цІыхуэм зыщагъэпэсху хъунущ.

Лъэрыжэ къэжьхьыпІэр блыщхьэм къищынэмыщІа, махуэ къэс, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ пщыхьащхьэм сыхьэт 22-м нэсыху лэжьэнущ.

ИхьэпІэр и уасэкІи лъапІэкъым: сабийхэм - сому 100, балигъхэм - сому 150-рэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къегъэлакlуэхэмрэ мафlэсгъэункlыфlхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэхэр

● Илъэсым кърикlуахэр

Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Къызэрымыкlуэ щытыкlэхэр къэмыгъэхъунымкlэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкlуэдыжынымкlэ зыуэ щыт и къэрал Іэнатlэм (РСЧС) щызэхалъэжащ 2016 гъэм зэфlагъэкlа лэжьыгъэм кърикlуахэр, дызыхьыха илъэсым и кьалэнныщlэхэр яубзыхуащ.

НАЛШЫК дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгуапlэм щекlуэкlа зэІуцlэм кърихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкlуэхэр, Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, абы и ыкІуащэ, республикэм и кьэлъыхъуакlуэ-къеГэлакlуэ гупхэм я лэжьакlуэхэр, Іэнатlэм и ветеранхэр. ЗэІуцlэр къызІуахащ республикэм къыщыхъуа къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм, псыдзэхэмрэ уэмрэ я Іэужьхэр гъэкlуэдыжьыным яужь зэритар къэзыгъэльагъуэ фильмымкlэ.

КъэхъукъащІэ къызэрымыкlуэхэр республикэм и псоукlэм зэран хуэхъуакъым, абы пыщІа Іэухуэхэр и чэзум зэрызэфlагъэкlам и фЫгъэкlэ. Мафlэсу къэхъуари нэхъ мащІэщ. Ар и фЫгъэщ цІыхум зэримыгъакlуэ авиацэ цІыкlур 386-рэ къызэрагъэсэбэпам. Фильмыр топсэльныъ Іуащъхэмахуэ бгы льагэ къэльыхъуакlуэ-къеГэлакlуэ гупым, Урысейм и МЧС-м и Іэнатlэ нэхъыфlхэм ящыщу нэгъабэ кьалъытам, и лэжьыгъэми. Ар щытыкlэ гугъу 300-м щlигъум елэжьащ, я зэманым, абыхэм я нэхъыбэри щызэфlагъэкlар къуршырщ.

Ялэу утыкум къарагъэблэгъа, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, республикэм и Правительствэм къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм защыхъумэнымрэ апхуэдизкІэ я лэужьхэр гъэкlуэдыжьынымкlэ, мафlэс шыналъэ ныкъуэ щыІэ, Іэпэныкlымкlэ и комиссэм и унафэщ **Бэлэтокъуэ Владимир** къызэхуэсахэм ягу къигъэкlыжащ Іэнатlэм и лэжьыгъэр нэхъ зэхьэлІаехэр. Ар къэхъукъащІэхэр къыщыхъуа щыпlэхэм псынщІэу яльэІэсынырщ, мафlэсхэм япэщІэтынырщ, гуэзвэгъуэ хэхуа цІыхухэм икlэщыпlэкlа сэбэп яхуэхъунырщ. Бэлэтокъуэм къызэрИльытэмкlэ, блэкlа илъэсыр тынщу щытакъым: республикэм псыдзэхэр къыщІауащ, бгыхэм ятІэпсэхэр къыщехащ, мафlэсхэр щыІащ, насыпынщагъэ къэзыша автомобиль зэжьэхуэхэр мымащІэу ди гъэгуэхэм къыщыхъуащ. РСЧС-м и Іэнатlэхэм я лэжьакlуэхэм яхуэзфlэкlащ щытыкlэ гугъум къиухуа цІыхухэм и чэзум ядэІэныкъун. Езы Іэнатlэр егъэфlэкlуэн папщІэ зэфlагъэкlари мащІэкъым. ЩЫпlэ самоуправленэм и орган псоми къыщыІэлуахащ зыуэ щыт плъыр-диспетчер къудамэхэр. Къыхигъэщащ цІыкуэхэм псынщІэу хъыбархэр зэрыльагъэІэс щыкlэр егъэфlэкlуэн, къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм я Іэужьхэр гъэкlуэдыным хухах мылъкум хэгъэхуэн зэрыхуейр.

Бэлэтокъуэ Владимир и псалъэм и кІэухуэу къыжигъэщхьэхуащ къегъэлакlуэхэмрэ мафlэсгъэункlыфlхэмрэ я кьалэн нэхъыщхьэ цІыкуэхэм яхуэлэжьным, ахэр хъумэным зэрыхуэгъэзар. Я кьару емыблэжу я кьалэнхэр зэрагъэзащІэм папщІэ абы КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я цІэкlэ фІыщІэ яхуищІащ зи Іэнатlэм гу къабзэкlэ бгъэдэтхэм.

Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщым и кьалэнхэр пІалъэкlэ зыгъэзащІэ **Борисов Вячеслав** зэрыхуэзыгъэ тепсэльныхащ граждан зыхъумэжныгъэм, цІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм, мафlэсым ящІыхъумэным, абыхэм я шыналъэ гъэунашъэр къызэрэпэщІыным хуэунэтІауэ КъБР-м и гъэзэщІакlуэ властым и органхэм, щІыпlэ самоуправленэм я Іэнатlэхэм, МЧС-м и лэжьакlуэхэм 2016 гъэм зэфlагъэкlа лэжьыгъэм, кьапэщыгъ кьалэнныщІэхэм.

Абы къызэрыхигъэщамкlэ, зрипльэж илъэсым ирагъэкlуэкlащ цІыку мин 20-м щІигъу къызэщІэзыубыда зыгъэсэныгъэ Іуэху 543-рэ. Республикэм мафlэсхэр процентэ 3,12-кlэ, абыхэм хэкlуэфащэхэр процент 40-кlэ, фэбжь хэзыххэр процентэ 9-кlэ нэхъ мащІэ щыхъуащ. Мафlэсым гъэгъэлащ цІыхуэ 101-рэ, сом мелард 1,6-рэ зи уасэ мыльку. Абыкlэ бжьыгъэхэр мыІейми, КъБР-м, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цІыху 16 псым щитхьлащ. Абы щыгъуэми, илъэситхум кърикlуахэм ятепщІыхьмэ, псым къыщІыхьу насыпныщагъэхэм я бжьигъэр процент 50-кlэ ягъэмэщІэн яхуэзфlэкlащ. 2016 гъэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ къэхъукъащІэ мыщхьэпэу 20 ятхащ, ар 14-кlэ (процент 59-кlэ) нэхъ мащІэщ, 2015 гъэм елъытауэ.

Республикэм и щІыналъэм мафlэсым щыпэщІэтщ псори зэхэту цІыху 1700-м щІигъу къызэщІэзыубыдэ Іэнатlэ зэмылІэужьыгъуэщ 50. Аэрэ къызэрэпэщащ зыхуеину Іэмэпсымэхэмкlэ. ЦІыхухэмрэ псоуалъэхэмрэ мафlэсым езыхэм я жэрдэмкlэ щызыхъумэ гупхэр псори 325-рэ мэхъу, цІыху 4785-рэ къызэщІаубыдэу. Борисовым къызэрыкlыгъэхукlащ аварийнэ-къеГэлакlуэ гупхэр Бахъсэнэр Прохладнэрэ къыщызэгъэпэщын зэрыхуейр. Зэкlэ апхуэдэ зэдзэщІэр Налшык и закъэщІ.

МафІэс хэлнаГъэнщагъэм егъэщІилІа хабзэхэр къызэрызэпаудым къыхэкlыу къэудыуэ сом мелуани 3-рэ мин 938-рэ тралъхьати, абы щыгъуэ япшынаф процент 60-рщ.

Дуней къэхъукъащІэ шынагъуэр къызэрыблагъэ е апхуэдизкlэ къызэрыхъуам теухуа хъыбарыр псынщІэу цІыхухэм я деж нэхъэсыныжкlэ системэр (КСЕОН) апхуэдэ щытыкlэхэр нэхъ зыхуэлъэу къалъытэ щІыпlэ 12-м къыщызэгъэпэщыным КъБР-м и Правительствэм сом мелуан 22,6-рэ хухихащ. Абы адэкlи къыхагъэхъуэнущ, «Къалэ шынагъуэншэ» программэм хьихьэу.

«ЩІыпlэ самоуправленэм и органхэм ящыщу цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыным нэхъыфlу телажьэ» цІэр къыфlащыным теухуа епГыныгъэ-зэпеуэм щытекlуа Іуащхьэмахуэ районыр.

2017 гъэм зэфlагъэкlын хуэм къалэнхэм ящыщу Борисов Вячеслав нэхъыщхьэу кьилытащ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыным гулъытэ нэхьыбэ хуэщІыныр, къэхъукъащІэхэм нэхъ псынщІэу япэщІэувэныр, апхуэдизу Іэнатlэр иджырей техникэрэ Іэмэпсымэхэмкlэ зэщІэузэдзныр. И псалъэм и кІэухэу абы къаззыдэлажьэм папщІэ фЫщІэ яхуищІащ Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым, КъБР-м и Правительствэм, ГъэзэщІакlуэ властым и щІыпlэ органхэм я унафэщІхэм, къызэрымыкlуэ щытыкlэхэр къэмыгъэхъунымкlэ, апхуэдизкlэ я Іэужьхьэкlэ Гъэзэкlуэжьнымкlэ, мафlэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкlэ комиссэхэм я тхьэмадзэхэм.

Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым и унафэщым и къуэдзэ **Кададов Владислав** жиІащ КъБР-м мы и Іэнатlэм къыпэщыта кьалэнхэр, зэрыщыту кьапщтэмэ, гъэзэщІа зэрыхъуар. Абы и лэжьыгъэм пщІэшхуэ къыхуищІащ УФ-м и МЧС-м и Іэтащхьэ Пучков Владимир 2016 гъэм и щІышылэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкlуам. Псом хуэмыдэу хэхауэ фЫщІэшхуэ къыхуищІащ КъБР-м и Іэтащхьэм, цІыхухэмрэ псэуалъэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыным егъэщІилІа Іэухуэхэм абы гулъытэ ин зэрыхуищІым папщІэ.

Зэ1ущІэр Іуэхугуэ гуапэкlэ иухащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым Къызэрымыкlуэ къэхъукъащІэхэр къэмыгъэхъунымкlэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкlуэдыжьынымкlэ зыуэ щыт и къэрал Іэнатlэм, Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, цІыхухэр хуэунэтІауэ Іуащхьэмахуэ районым.

«Къызэрымыкlуэ къэхъукъащІэхэм я Іэужьыр гъэкlуэдыжьын лэжьыгъэм къызэрыхэжаныкlам папщІэ» медалыр хуагъэфащащ Налшык кьалэ округым граждан зыхъумэжныгъэм и Іэухуэхэмкlэ, къызэрымыкlуэ щытыкlэхэмкlэ, мафlэс шынагъуэншагъэмкlэ и центрым и унафэщым и къуэдзэ - къэльыхъуакlуэ-къеГэлакlуэ гупым и унафэщІ Хъуэкlуэн Маргинрэ Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и къэльыхъуакlуэ-къеГэлакlуэ гупым и лэжьакlуэ Бозий Азэмэтрэ. «Цlыхухэр къарагъэлын папщІэ зэрызэкъуэувам къыхэкlыу» медалыр ираташ мастер-мафlэсгъэункlыфІ, къэрал кІуэцІ къуплькъум и сержант Къущъхэ Марат. «МафlэсгъэункlыфІ гъэзэдж» бгъэхэІу дамыгъэр ялысащ мафlэс-къеГэлакlуэ часть №1-м и мафlэсгъэункlыфІ автомашинэр зезыгъакlуэ Къатинэ Хьэсбийрэ мафlэс-къеГэлакlуэ часть №3-м и мафlэсгъэункlыфІ Къардэн Хъусенрэ. «И къуплькъум къызэрыщыхэжаныкlам папщІэ» медалым и япэ нагъыщэр ираташ Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм къызэрымыкlуэ щытыкlэхэмкlэ и управленэм и аналитикэ къудамэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къуплькъым и подполковник Родионов Денис, къэрал кІуэцІ къуплькъым и подполковник, донэ-ватель нэхъыжь Шопарэ Сэфарбий, къэрал кІуэцІ къуплькъым и прапорщик нэхъыжь, инструкторМафlэсгъэункlыфІ нэхъыжь Биту Хьэлыр сымэ. Абы къыдэкlуэу «И лэжьыгъэм зэрехъулІэн папщІэ» бгъэзэІу дамыгъэхэр ираташ лэжьакlуиплым. Урысей МВД-м Налшык кьалэм щиІэ Іэухущіапіэм и ГИБДД-м и полицейхэу Дзыгул Артур, Биттиров Владимир, Борисовэ Аннэ, Кьарэ Артур сымэ ираташ Урысей МЧС-м и Іэухущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и щІыхь тхьапэкlэ. «Лыгъэм и вагъуэбэ» фестивалым щытекlуахэм щІыхь тхьапэкlэ зэрыщІэтхьэрэ дипломхэмрэ хуагъэфэщащ. Гулъытэншэ ящІакъым я лэжьыгъэм теухуа хъыбархэр цІыхухэм я деж нэзыхьэс журналистхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Бэлэтокъуэ Владимир

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Пресс-конференцэр

Уасэхэр тыным и мыхьэнэр

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и псаулІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятхэр зэпІэзэрыту лэжьэныр къызэгъэпэщыныгъэ ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэ щІыналъэм я тыкlэр егъэфlэкlуэныгъэ хуэунэтІауэ зэфlагъэкlаехэр». Араш зытеухуауэ щытар республикэм и вице-премьер Бэлэтокъуэ Владимир Правительствэм и Унэм щригъэкlуэкlа пресс-конференцыр.

БЭПЭТОКЪУЭМ и пэублэ псаулъэм къызэрыхигъэщамкlэ, хуабэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэр тэмэму зэтеублэныгъэ энергетикэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныгъэ ятеухуа кьалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хъарзынэу щагъэзащІэ. Нэгъабэ и кІэм МВт 30,6-рэ зи льэщагъ Зэрэгъэюк ГЭС-р ирагъэжьащ. Абы илъэсым ику иту киловатт-сыхьэт мелуани 114-рэ кьилэжьынущ. Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р уэхуэным пащэну, нэгъуэщІ гидроэлектростанцэхэр ящІыну я мурадщ, Абыхэм я фЫыгъэкlэ, токыу зыхуейм хуэдиз республикэм къыІэрыхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм и проект 95,2-м газыр къыщагъэсэбэп. Ар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм ягу зыщІэбгъэджыла бжьгъэм щІигъу. Республикэм газу къыщагъэсэбэпым илъэс къэс процентипщІкlэ хохьэу.

- Республикэм и экономикэр хуабэ-энергетикэ гъэтІылъыгъэхэмкlэ зэпІэзэрыту къызэрагъэпэщын папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм нэгъуэщІ кьалэнхэри зэуІуу зэфlагъэкlэ. Ауэ Іуэхуэр зыльэкlхъэ іупэощхьэпохэри щыІэщ. Апхуэдизу ТЭК-м и предприятхэм я лэжьыгъэр къэзыгъэтІасхъэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэтезыІыгъэ, цІыхухэм я тыншыпІэм зэран хуэхъу ныкъуасанигъэхэр. Нэхъ пыухыкlауэ къызэрэзэщынщи, ахэр ехьэлІащ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фlагъым зэтеухуэным, зыхуей Іуэхутхьэбзэхэр и чэзум яхуэщІэным.

Мыбдежым нэхъыщхьэр абыхэм яхуэзэ пщІэр къызэрыхахым хабзэ хэлъхьэнныгуп. Хуабэмрэ я уасэхэр псоми - цІыхухэми, хуабэр зей организацэхэми, предприятхэми, Іуэхущіапіэхэми ирикъуу ятын хуейщ. Абы, зы лъэныкъуэкlэ, Іуэхутхьэбзэхэм пэкlуэр зэрыльас щыкlэр зэгъэльитІыжьыну, апхуэдизу газыр, токыр, хуабэр, псыр къэзыт Іэнатlэхэм я лэжьыгъэр зэпІэзэрыту къызэрэгъэпэщынущ.

Цlыхухэм я зэІуэзэпэщ псэукlэр, я узынщагъэр, я щытыкlэр ягъуэт гулъытэм елъытащ. ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр и чэзум тынри унагъуэм щызекlуэ хабзэм и лъабжьэм ящІыщІ. Мы зэманым дэтхэнэми и махуэр езым иубзыхуэкlыфу щытын хуейщ. Псэуныгъэр ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я фlагъым куэдкlэ зэрелъытар зыщІыдгъэгъупщэ хъунукъым, - къигъэлъэгуащ вице-премьерым.

Бэлэтокъуэ Владимир зэрыжиІамкlэ, республикэм щІыпсэухэм я процент 65-м газымкlэ, процент 75-м хуабэмкlэ щІыхуэ ятелъщ. Абы и зэранкlэ, псыр, уэздыгъэр, нэгъуэщІхэр щІыпаубыд щыІэщ. Къызэрыхигъэщамкlэ, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэдыщІэкlыу икlи ирикъуу ятын хуейщ. Апхуэдизу зэтрамыхуэмэ, хуэлащІыхэм, льготэ зиІэхэм, фlанэс щытыкlэ гугъум ихуахэм зыщІагъэкъуэфынукъым. ЖКХ-м и предприятэ щъхэхуэхэми къагъэсэбэпам хуэзэр яхуэтыркъым. Кьалэжьаф зыІэрымыхьэж Іэнатlэхэр гугъуехь инхэм хуозэри, я Іуэхутхьэбзэхэр тэмэму яхуэгъэзащІэркъым.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псырэ хуабэкlэ кІыззэщІэпэщ организацэхэм я нэхьыбэм я Іуэхур щагъэуэкъым. Газрэ токрэ къэзытхэм я Іэмэпсымэхэр жьы хъущ. Абы кІыхьэкlыу, а предприятхэм я унафэщІхэмрэ я къызэрэпэщакlуэхэмрэ иджырей Іуэху зехьэкlэм хуэкlуэну кьалэн ящыдощ. Мы Іэнатlэм, ЖКХ-м и предприятхэм мыльку хуэзщІэзызгъэІуэну инвестицэ программэ нэгъэсахэр диІэн хуейщ. ЖКХ-м и предприятхэм я лэжьыгъэр кууэ хуэщІопщытэ. Зи кьалэным пэмыльэщ унафэщІхэр зэтхъэкlынущ. Іуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэми дадолажьэ. ПщІэхэр зэрыхуэтхыр, тарифхэр зэрагъэувыр зэІуэхуэ щытын хуейщ. ПщІэхэр Іэрылъхьэуи, мыІэрылъхьэуи зэратну Іэмалхэр цІыхухэм кьахуэзгъэпэщыпхъэщ. А кьалэныр Іуэхутхьэбзэхэр зейжэм я пщэ дохуэ. Щапхъэ гъэунэхуэхэр щыІащ. КьэлащІщІэмэ, Іуэхутхьэбзэхэр зыщІэхэм ягурыІуэу. Прохладнэ кьалэм щылажьэ «ГРКЦ» ООО-м ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр къыхех. «Урысейм и сетхэр» ПАО-мрэ «Урысейм и Хъумапіэ банк» акционер обществэ зэІухам и кьудамэмрэ пщІэхэр щыІах центрипщІ къызэрагъэпэщащ. «Газпром-Налшык щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м апхуэдизу пункт къызэІуихыну и мурадщ. ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм пэкlуэр щатыну Зыуэ щыт центр къызэгъэпэщыным и Іуэхум пащэ. Апхуэдизу электрон Іэмалкlэ зэрыІах щыкlэм зэрызрагъэужьыну щыкlэми йолэжь, - жиІащ Бэлэтокъуэ Владимир.

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 9 ящІэдаущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм газыр къезытыр «Газпром-Налшык щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-рэ. Ипэ ита Іуэхущіапіэм зэтриГъэхъа щІыхуэр абы къыхихьжащ. А щІыхуэхэр яГъэгъун хуэдэу псалъэмакъ зэхуэмыдэхэр къраухьжі, ауэ абы лъабжьэ гуэри иІэкlым. Хуабэмкlэ щІыхуэхэри къыІахьжынщ, зытыжьи зымыдэхэм хабзэкlэ етхьэкъунщ. Вице-премьерым къызэригъэльэгъуамкlэ, къагъэсэбэпа газым пэкlуэм и лей цІыхухэм кІэщІатхэмэ, прокуратурэм зыхуагъэзэнырэ щхьэхуэм и сэбэп зыхъэлъхьэ хабзэкlэ яуэмэнщ.

- ЖКХ-м и Іэнатlэхэм куэдым дзыхь хуащІыкlым. Абы и зэранкlэ, Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр тэмэму ятыркъым. Газрэ токкlэ къызэрэзэпэщ предприятэхэм, организацэхэм цІыху минхэр хъелэлу щолажьэ. Абыхэм яхэпшэхуэ щхьэзыфlэфlэ гуэрхэм я фэр псоми етплъ хъунукъым. Іэщlагъэлі Іэзэхэр ди куэдщи, жщ-махуэ ямыІуэ я кьалэнхэм йогугъу, дэтхэнэми и упахуэр зэлъытыжар я Іуэхутхьэбзэхэм пэкlуэ пщІэр зыхуэдэрщ. Аращи, цІыхухэмрэ абыхэмрэ зэтшэлІэжьын, я дзыхьыр дгъэбыдэжьын хуейщ. Мыдрейуэ, уасэхэр зыхьэусыгъуэншэу зымытхэм, а Іуэхум емыгугъу Іэнатlэ унафэщІхэм дяпэкlэ дыщІелІэлІэн щыІэкъым, властым и органхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ апхуэдизкlэ хуэфащэ унафэ кІыхьагъэтытхъэщ.

Къызэдгъэпэщыну системэм ТЭК-м и предприятхэм я лэжьыгъэр зэпІэзэрыту иунэтІынущ, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр къызэрыхах щыкlэр иригъэфlэкlуэнущ. ЖКХ-м щекlуэкlі зэхъуэжьІыныгъэмрэ я Концепцэм ахэр щыгъэбелджылащ. Псалъэм папщІэ, Іуэху зехьэкlэр зэрефlакlуэм Іуэхутхьэбзэхэм я фlагъым хигъэхъуэнущ, предприятэ щхьэхуэхэм я хэщІэр игъэмэщІэнущ. «Прохладнэ хуабэзнерго» АО-мрэ «Май кьалэм хуабэ къэзыт и компание» МП-мрэ абыкlэ щапхъэщ. А Іэнатlэхэм Іуэхутхьэбзэхэм пэкlуэр кьанэ щІагъуэ щымыІэу къызэрыхах, Іэмэпсымэхэр ирагъэфlакlуэ. Адрей организацэхэми апхуэдизкlэ щыкlэкlэ зедгъэужьынущ.

Щlыхуэхэр егъэтыжыным, къагъэсэбэпам и уасэр къеІыхьным теухуа лэжьыгъэр щІэздгъэткlиенущ. УнафэщІхэми цІыхухэми я бжьмэ-хуэ бжьмэ-хуэ лъабжьэ зэрыхъэсу сыхуейт властым и кьудамэ псоми хабзэхъумэхэмрэ я Іуэхур хэкъуэзауэ икlи зэпымыууэ зэрырагъэкlуэкlынур. ИкІэмикІэжьым, уасэхэр тыным и мыхьэнэр дэтхэнэ зымикlыгурыІуэну игъуэ хъуащ. Хабзэм емылІалІэхэм, Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр зэман кІыхькlэ зымытхэм яГъэІу хъыбар нэпІэхэмрэ кьрахьжі псалъэмакъ мыщІхуэмрэ тегушхуауэ дапэщІэтынущ, пэжыр зэпымыууэ хэІуцІыну тщІынущ, - къыхигъэщащ Бэлэтокъуэ Владимир.

Иужькlэ вице-премьерым журналистхэм я упщІэхэм жуэл яритащ, мы зэман гъунэгъум нэхъыщхьэ зэфlагъэкlынухэм тепсэльныхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Кавказым и къэхутакlуэ емызэш

● Юбилей

ЩІэныгъэхэмкlэ Урысей Академием и член-корреспондент, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэм щІэныгъэхэмкlэ щыхъ зиІэ и лэжьакlуэ Тембот Аслъэнбий Къазий и къуэр ящыщщ лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьынигъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІэхэм. Кавказым и щІыуэпсыр нэхъуеинщу зыджа къэхутакlуэм, зоологиемкlэ, экологиемкlэ, биогеографиемкlэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъа Іэщlагъэлі щыпкъэм бгылъэ щІыпlэхэм я экологиемкlэ къызэрыгъэпэща щІэныгъэ школыр ноби щэщІауэ, екъуІэныгъэ лъагэхэр зыІэрирГъэхъэу мэлажьэ, Темботым иубзыхуа унэтІыныгъэхэм щІэныгъэ лъабжьэ быдэ зэраІэм щыхьэт техъуэу. Псэужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.

ТЕМБОТ Аслъэнбий 1932 гъэм и щІышылэ маздм кьыщалъхуащ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ адыгэ жьлэм. Кавказ бгы тхыцІэм и Іэшэлъашэм щІытысыкlа къуажэм къыщыхъуа щІалэм игури и псэри дамыхьэхынкlэ Іэмал иІэтэкъым махуэ кьэс илъагъу Іуащхьэ льагэхэм я уардагъэмэ, дагъэгъым. И сабиигъуэм ищІа а лъагъуныгъэр Аслъэнбий ГъэзэгуГъэльагъуэ хуэхъуащ и Іэщlагъэр кьыщыхихьм. Псынэдахэ дэт курыт школыр екъуІэныгъэкlэ кьиуха нэужь, щІалэщІэр щІэтІысхьащ Налшык пединститутым икlи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказымрэ я щІыуэпсыр джьным яужь ихьащ. Еджэныр хъарзынэу зэфlэзыха Темботым мурад ищІащ бгъэдэлъ щІэныгъэм адэкlи хигъэхъуэну икlи 1954 гъэм щІэтІысхьащ Крупскэм и цІэр зезыхьэу Москва дэт педагогикэ институтым и аспирантурэм. Совет зоолог, териолог цІэрыІуэ, профессор Кузякин Александр и унафэм щІэту «Зоологие» унэтІыныгъэмкlэ къэхутэныгъэ купщІафlэхэр иригъэкlуэкlащ Аслъэнбий. Абыхэм апхуэдизу дахьэхати, лъэныгъэхэр зэфlихащ и пІалъэр къэмысу икlи ахэр и льабжьэу кандидат диссертацІэ итхащ, екъуІэныгъэ иІэуи ар пхигъэкlащ.

Аспирантрэ докторанту щІэныгъэм и гъэугум куэд тезыгъэува Кузякиным гукъинэ щыхъуат адыгэ щІалэм щыдэлажьэа зэманыр. Абы зэрыжилІэжьмкlэ, Темботым удэлэжьэну тыншт икlи гъэщІэгъуэнт. «Адыгэ щІалэ гурыхуэгъэ гъэсыгъэщІэхэр и куэдти, къэхутэныгъэхэр къэтпщытэжу дыщызэбгъэдэсхэм деж ахэр утыку хигъэхъуэну икlи 1954 гъэм щІэтІысхьащ Крупскэм и цІэр зезыхьэу Москва дэт педагогикэ институтым и аспирантурэм абы мурад хэха зэрэІэр, творческэ зэчий, ерыщагъ зэрыбгъэдэлъыр».

Еджэныр зэфlэзэныгъэкlа щІэныгъэлІ щІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыгъэзэжащ, щалъхуа щІыналъэм и зыужьынигъэм и щІэныгъэр ирихьэлІэмэ, нэхъ къищтэу. КъБКЪУ-м и биологие факультетым лэжьапІэ ирагъэблагъащ Аслъэнбий, зоологиемкlэ абы и кафедрэм и ассистент. «Къулыкъу дэкlуеипІэкlэ» зэджа лъагэпІэм и щыгум нэсащ Темботыр, пщІэрэ щІыхьэ иІэу. Ассистент лэжьэн щІэзыдза ІэщlагъэлІыр щІэныгъэхэм я доктор, кафедрэм и унафэщІ, профессор, ЩІэныгъэхэмкlэ Урысей Академием (РАН) и член-корреспондент хъуащ. Апхуэдизкlэ екъуІэныгъэхэр Темботым зыІэригъэхьащ бгъэдэлъ акъыл куум, гупсысэ шэщІам, зэфlэкlі лъагэхэм я фЫгъэкlэ. Зоолог, эколог, биогеограф цІэрыІуэм и ГъащІэр триухуащ бгылъэ щІыпlэ лъагэхэм я экологиер, щІэкlуэкlі ГъащІэр къэхутэным, джьным. РАН-м хэту абы къызэрыгъэпэщащ зи унафащІ хъуа щІэныгъэ Іэхуэщіапіэр - БгылъэщІыналъэхэм я институтыр. Абыкlэ абы игъэтІылъащ лъэпкъ щІэныгъэм и унэтІыныгъэщІэм, «бгыхэм я экологиекlэ» зэджэм, и лъабжьэр. Ар Аслъэнбий къыщыигуГуегащ экологие, зоологие, биогеографие щІэныгъэхэм я зэпылъыпІэм.

Институтыр къызэІуихыным Темботыр иужь щихьа лъэхъэнэр хуабжьу зэман гуГуэт ди къэралым дежкlэ. 1994 гъэм и кІэхэрэ, апхуэдэ гупсысэр ГъащІэм хэпща хъуным мылъку куэд текІуэдэнут. Ауэ щыхъукlи, ЩІэныгъэхэмкlэ Урысей Академием фІэкъабылт институтыр къызэІуахыну. Абыкlэ хуитыныгъэ кьрата нэужьи, тынш хъуакъым къызэгъэпэщакlуэм и Іуэхур. Аслъэнбий куэд щІауэ республикэм щылажьэ тэмтми, щІэныгъэ лэжьакlуэхэр зэхуишэсыным гугъу дехьащ. Іуэхущіапіэр Іэщlагъэлікlэ къызэрагъэпэща нэужь, лабораторие нэхъыщхьэхэр 1995 гъэм къызэІуахащ. Иужькlэ абы зыІэригъэхьащ Іуэхур, щІэныгъэрылажьэхэри и мымащІэу. Темботым къызэригъэпэща институтыр экосистемэм и унэтІыныгъэ псоми йолэжь, бгылъэ щІыпlэхэм я экоЗие уэхэкlэ псори къызэрызэщІиубыдэным иужь иуж.

ЩІэныгъэм и дунейм ГъэзэгуГъэльагъуэ щыпхъэшыуа Темботыр Аслъэнбий ирегъэжьа лэжьыгъэм нобэ пещІэ абы ипхъу ФатІимэ. Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІэныгъэхэмкlэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэрым центрым БгылъэщІыпlэхэм я экологиемкlэ и институтым и унафэщІ ар, и адэ цІэрыІуэм и щапхъэр ГъащІэ ГъуазэхуэхъуэрэІ.

Аналитикэ акъыл жан зыбгъэдэлъ, жьжьэ кІуэцІрыпльыф щІэныгъэлІ щыпкъэ Темботыр Аслъэнбий лъэпощхьэпохэм къапимыкlуэту, ерыщу хущІэкlуащ Кавказым и бгылъэ экологие щытыкlэм псэ зыІут къэхъуащІ. Ар и ГъащІэм и щапхъэр ГъащІэ ГъуазэхуэхъуэрэІ.

Аналитикэ акъыл жан зыбгъэдэлъ, жьжьэ кІуэцІрыпльыф щІэныгъэлІ щыпкъэ Темботыр Аслъэнбий лъэпощхьэпохэм къапимыкlуэту, ерыщу хущІэкlуащ Кавказым и бгылъэ экологие щытыкlэм псэ зыІут къэхъуащІ. Ар и ГъащІэм и щапхъэр ГъащІэ ГъуазэхуэхъуэрэІ.

Совет, урысей щІэныгъэлІ цІэрыІуэр 2006 гъэм дунейм екъужащ. Абы къыщІэна хъугъуэфlигъуэхэм ящыщщ и унагъуэ дахэр, и лэжьыгъэ купщІафlэхэр, и лъэужьым ирикlуэ гъэсэн Іущхэр. ЩІэныгъэлІ щыпкъэхэм я нэхъыфlхэм хъльтэ Кавказыр джьным зи ЗаурэрэІ зэфlэкlРэ хьэлэлу езыхьэлІа Темботыр Аслъэнбий Къазий и къуэр. Абы и къэхутэныгъэхэр лъэпкъ щІэныгъэм и и лъапІэныгъэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Щапхъэ

Сэбаншы Заур ныбжьыщІэхэр егъэлъапІэ.

Я щІэблэр ягъэгушхуэ

Хабзэ хъуауэ, Сэбаншыхэ я нэхъыжьхъэ гъэкъэс зэхашэ я лъэпкъым къыхэкІа щІалэгъуалэ жыджэрхэм я зэхуэс. Еджэным, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтным ехъулІэныгъэ лъагэхэр илъэсым кърибыдзу щыгъыІэрызыгъэхьа школакІуэхэр, студентхэр, аспирантхэр ирагъэблагъэ а зэхуэсым, пщІэ хуащІ, яІэт, ягъафІэ.

МЫГЪЭРЕЙ апхуэдэ пшыхьыр щекІуэкІащ КъБКъУ-м Хуэныгъэм и архитектурэмрэ дизайныкІэ и институтым. Абы кърихьэлІат Сэбаншы лъэпкъым и лыкІуэ куэд. Гъэ кІуам кърибыдзу ехъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьа ныбжьыщІэхэм, щІалэгъуалэм я бжыгъэр 100-м нэсырт. Абыхэм ящІыгъут адэ-анэхэр, благъэхэр, Іыхьлыхьэр. Ди республикэм и жьлэ зыбжанэм кьикІат ахэр: Зеикъуи, Арщыдани, Бахъсэни, Налшыки, Кьщпэки, нэгъуэщІ щыпІэхэми.

ГуфІэгъуэ зэІуищІэр къызІуихащ Сэбаншы лъэпкъ зэгъэхьныгъэм и Іуэхухэр зезыгъакІуэ-секретарь Чэмал. Къызэхуэсахэм сэлам гуапэкІэ захуигъэза нэужь, ар псоми ехъуэхъуащ Илъэсыщ1эмкІэ, абы ехъулІэныгъэщІэхэр, текІуэныгъэщІэхэр къахудэкІуэныи яхуэупсащ. Адэкіэ псэлъапІэр хуит хуащІащ Сэбаншыхэ я лъэпкъ зэгъэхьныгъэм и тхьэмадэ, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Сэбаншы Заур. Абы зэрыжиІамкІэ, лъэпкъым илъэс къэскІэ иригъэкІуэкІ мы Іуэхугъуэр нэхъыбэу зытеГъащІар щІалэгъуалэращ.

- Хуабжьу си гуапэщ ди лъэпкъым щІалэгъуалэ жыджэр куэд къызэрыхэкІыр. Сэбаншы гуэдІэр зезыхьэхэм мымащІэу яхэтщ эдэжным, спортым, щэнхабзэм, гъащІэм и нэгъэущІ гуэдІыныгъэхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызэзыгъэгъуэтхэр. Лъэпкъым къытщІэхъуэ щІэблэ зэчиифІэр дгъэлъапІэныр, дгъэгушхуэныр, ІуэхугъуэщІэхэм хуэдуэтІынырщ ди гъэфІэж пшыхьым и мурад нэхъыщхьэр, - къыхиГъащІащ и псалъэм лъэпкъ тхьэмадэм. - Абыхэм щапхъэ яхуэхъу ди нэхъыжьыфІхэми пщІэрэ щІыхьрэ яхуэфащІщ.

Заур и къэпсэлъэныгъэм наІуэ къызэрищІамкІэ, зы илъэси къэмынэу Сэбаншы я лъэпкъым къахоІ курыт школыр дыщэ медалкІэ къэзыух ныбжьыщІищ-плІы, цІыху 20-м нэс еджапІэ нэхъыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІоТІысхьэ, зыплІытхум ахэр диплом плъыжькІэ къэух. А унэцІэр зезыхьэ школакІуэхэм ящыщу 30-м нэс жыджэру хэтщ республикэм щекІуэкІ зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэу. Мы лъэхъэнэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ, Іэщ1агъэ зрагъэгъуэт Сэбаншыхэ ящыщу студенти 100-м щІигъуэм. Абыхэм яхэтщ ди къэралым и щыхьэр Москва, Санкт-Петербург, Псыхуабэ, Налшык къалэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми щеджэхэр. Къэралым и аспирантурэ, докторантурэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ Сэбаншыхэ ящыщу цІыхуи 10-м щІигъуэм.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Сэбаншы лъэпкъым и цІыху цІэрыІуэхэу, щІэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Хьусен, Хьэжмурат сымэ, ныбжьыщІэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр. Абыхэм фІыщІэ ин хуащІащ мыпхуэдэ зэхьыбэ гуапэ илъэси 10-м щІигъуэуэ къызэрыкІыр. Сэбаншы гуэдІэр зезыхьэхэм мымащІэу яхэтщ эдэжным, спортым, щэнхабзэм, гъащІэм и нэгъэущІ гуэдІыныгъэхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызэзыгъэгъуэтхэр. Лъэпкъым къытщІэхъуэ щІэблэ зэчиифІэр дгъэлъапІэныр, дгъэгушхуэныр, ІуэхугъуэщІэхэм хуэдуэтІынырщ ди гъэфІэж пшыхьым и мурад нэхъыщхьэр, - къыхиГъащІащ и псалъэм лъэпкъ тхьэмадэм. - Абыхэм щапхъэ яхуэхъу ди нэхъыжьыфІхэми пщІэрэ щІыхьрэ яхуэфащІщ.

Заур и къэпсэлъэныгъэм наІуэ къызэрищІамкІэ, зы илъэси къэмынэу Сэбаншы я лъэпкъым къахоІ курыт школыр дыщэ медалкІэ къэзыух ныбжьыщІищ-плІы, цІыху 20-м нэс еджапІэ нэхъыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІоТІысхьэ, зыплІытхум ахэр диплом плъыжькІэ къэух. А унэцІэр зезыхьэ школакІуэхэм ящыщу 30-м нэс жыджэру хэтщ республикэм щекІуэкІ зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэу. Мы лъэхъэнэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ, Іэщ1агъэ зрагъэгъуэт Сэбаншыхэ ящыщу студенти 100-м щІигъуэм. Абыхэм яхэтщ ди къэралым и щыхьэр Москва, Санкт-Петербург, Псыхуабэ, Налшык къалэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми щеджэхэр. Къэралым и аспирантурэ, докторантурэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ Сэбаншыхэ ящыщу цІыхуи 10-м щІигъуэм.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Сэбаншы лъэпкъым и цІыху цІэрыІуэхэу, щІэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Хьусен, Хьэжмурат сымэ, ныбжьыщІэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр. Абыхэм фІыщІэ ин хуащІащ мыпхуэдэ зэхьыбэ гуапэ илъэси 10-м щІигъуэуэ къызэрыкІыр. Сэбаншы гуэдІэр зезыхьэхэм

«Си егъэджакІуэ, си ущиякІуэ, си гъащІэ гъэзугум и гъэлъэгъуакІуэ...» - щы-жеІэ егъэджакІуэхэм ятеуху уэрэд цІэрыІуэм. Дэтхэнэ зы егъэджакІуэми хужьпІэфын хуейщ а псалъэхэр. Апхуэдэу къытхущытащ мы тхыгъэм зи гугъу щысщІыну нэхъыжьыфІыр - Курп Ипщэ къуажэм дэт курыт щколым илъэс тхущІым щІигъкІэ щылэжьа Ащыж Лолэ Елдар и пхъур.

«ЛОЛЭ Елдар и пхъур» жыпІамэ, ди къуажэ зы цІыху закъуи къыдэпшынкъым ар гуапэу зигу къэмыкІыж, абы псалъэ гуапэ хужьызмыІэ, гукъэкІыж Іэфі гуэр хузимыІэ. ЕджапІэм сыщІэтІысхьэнкІэ куэд иІэт си адэм и псалъэхэм къыхэщу а бзылъхугъэм и цІэр щызэхэсхам. Дауэ ягу къэмыкІыжынрэ а цІыхубз гуащІэмащІэм школым щызэфІиха лэжьыгъэр? Ар щІэблэм къаухэнащ игъащІэкІэ яхурикъун хъугъуэфІыгъуэу.

Полэ 1952 гъэм къыщыщІэдзауэ щылэжьащ ди школым. Дей къуажэм къикІыурэ лажьэ бзылъхугъэ ныбжьыщІэр тыншу хэзэгъащ гу зэІухакІэ къыпекъа гупым. Апхуэдэ гуапагъэм Полэ и къаурмрэ жыджэрагъымрэ хагъахъэрти, игурэ и псэрэ етауэ лэжьыгъэм пэрыт. Пионерожатэ нэхъыжьу илъэс зыбжанэкІэ лэжьауэ, 1968 гъэм абы къызэрегъэпэщ «КъэхутакІуэ ныбжьыщІэм и клуб». «Искатель» цІэр зиІэ а клубым и кьалэнхэм ящыщт Хэку зауэшхуэм и зэманым ди къуажэм щыщу фронтым кІуэахэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ къэхутэныр, а лъэхъэнэм ди щІыпІэм щекІуэкІа зэзауэ гуащІэхэм я пэжыпІэр къэугъуеижьынырщ.

Лэжьыгъэшхуэ ящІащ Ащыжым и клубым хэта ныбжьыщІэхэм. Илэраурэ, абыхэм зрагъэщІащ ди жылэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкІуадэхэм я цІэ-унэцІэхэр, зэхуахьэсащ абыхэм я сурэтхэр. Абы къыкІэлъыкІуэу къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэр елІэлІащ ди къуажэрэ хуиткъыщІыжыным щІэбзэна зауэлІхэм я цІэ-унэцІэхэр зэгъэщІэным. Абы илъэс куэдкІэ елэжьащ Полэ и гупыр. Зэрыкъуажэу, цІыкІуи ини и дзэпыкъуэгъуэ а лъэхъэнэм Полэ къызэригъэпэщащ иджыпсту псори дызэрыгушхуэ музейр. Абы щІэлъ экспонатхэр зыриз-тІурытІурэ зэхуахьэсащ клубым хэта школакІуэхэм.

«Сыту емызэшыхт, сыту гуащІафІэт апхуэдиз лэжьыгъэр зыгъэщІэщІа бзылъхугъэр», - жеІэ музейм зыщызыплъыхьыну къакІуэ дэтхэнэ зыми. Абы щІэльщ Курп Ипщэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм, жылэр нэмыщІ зэрыпхуэдиІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьыным, Баку, Гроозн щІыдагъэ къыщІыпІэхэм ахэр емыгъэкІуэлІэным щІэзэуахэм ятеухуа тхыгъэ, сурэт, хьэпшып куэд. ЦІыху миниблым я псэр щатащ ди Курп лъагаПІэхэм. Абдеж щызэуа сэлэтхэм, офицерхэм ящыщу щитІым нэблагъэм я цІэ-унэцІэхэр, я сурэтхэр, зэрахьа хьэпшыпхэр музейм щахъумэ, абджьипсхэм я лъабжьэм щІэлъу.

ЕджапІэм и пщІантІэм дэтщ Курп лъагаПІэхэм щІэзэуа, абдеж зи псэр щызыта зауэлІ щиущым щІигъу щыщІалъхьа къэзышьхьэ. Абыхэм яхэтщ зи Іыхьлыхэр къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэм къагъуэта куэди. Совет Союз къэралышхуэм и щыпІэ куэдым письмохэр ятхырт еджакІуэхэм. Зи Іыхьлы ди щІыпІэм щыхэкІуэдауэ хъыбар зыІэрыихьэ куэд къакІуэу щІадзащ ди деж. ИужькІэ къызэрагъэпэщат Курп лъагаПІэхэм щызэуахэм я зэІущІэхэри. Илъэс куэдкІэ апхуэдэ зэІущІэхэр ТекІуэныгъэм и махуэм ирагъэкІуэкІащ. Ахэр псори сэбэп хъурт щІэблэр хэкупсэу, мамырщІэкъуу гъэсэныгкІэ, Хэкум и къыщхьэщыжакІуэу къэгъэтэджьныгкІэ.

Апхуэдиз лэжьыгъэ зэфІэзыха бзылъхугъэ гуащІафІэ, гъэсакІуэ икІи ущиякІуэ Іэзэ Ащыж Полэ къызэрытхэмытыжрэ мы гъэм илъэсипщІ мэхъу. Иджыри илъэсищэ дэкІами, ди щІэблэр иридгъэсэну, иридущину тхурикъун къытхуигъэнащ а цІыху щэджащэм. Школым щылажьэхэм Полэ и гугъу дымыщІу, ар дигу къэдмыгъэкІыжу зы махуэ закъуи дэмыкІми ярейщ. Музейм дерс зэІухауэ щедгъэкІуэкІыр сыт и уасэ, ди лэжьыгъэмкІэ сыт хуэдэ дэІепыкъуэгъу ар! Нобэми ди егъэджакІуэщ, ди щІэблэр гъэсэныгкІэ дэІепыкъуэгъуц Полэ. Дапщэрэ нэгъуэщІхэми ятащ адыгэбзэмкІэ дерс зэІухаэхэр, классыбэ лэжьыгъэ купщІафІхэр. Ахэр зэчэнджэщащ Налом и тхыгъэхэр курыт школым нэхъыфІу зэрыщегъэджьыпхъэ щыкІэхэмкІэ.

ЗэІущІэм и кІэхым къэпсэльа Къардэн Мусэдин, университетым адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщым, абы кърихьэлІаж Нало Ахьмэдхьан и гупсысэ купщІафІхэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, тхакІуэм и псалъэ Іущхэу ущалъхуа Хэкур фІыуэ лъагъуныр, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэрэ зыщыгъэгъуэзэныр зи щхьэ пщІэ хуэзыщыкІ дэтхэнэ щІыхуми и къалэну зэрыщытыр къызыхэщхэр.

Семинарыр щызэхуащІыжьым абы кърихьэлІа хьэщІэхэм тыгъэ хуащІащ КъБКъУ-м и дамыгъэр зытет саугъэтхэр, егъэджакІуэхэм ираташ абы жьыджэру зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щІыхь тхыльхэмрэ сертификатхэмрэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкіуэцір зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

Адыгэбзэр езыгъэджхэр зочэнджэщ

Зэхуэсхэр

КъБКъУ-м Адыгэ щэнхабзэмкІэ и центрымрэ адыгэбзэмкІэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ Іуэрыіуатэмкіэ и кафедрэхэмрэ иджыблагъэ къыізэрагъэпэщащ Адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм я етІуанэ республикэпсо щІэныгъэ-практикэ семинар. Ар ирырагъэхьэлІащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, бзэщІэныгъэлІ, егъэджакІуэ Іэзэ Нало Ахьмэдхьан Хьэмырзэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ университетым и Іэщ1агъэлІэр, студентхэр, республикэм и жылэхэм кьикІа егъэджакІуэхэр, еджакІуэ цІыкІуэр. Лэжьыгъэр яублэн ипэ къихуэу абыхэм яфІэхьэлэмэту щыгъуазэ зыхуащІащ зэІущІэм къыхуэзрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ купщІафІэм. Абы щыплъагъурт Налом и къалэмыпэм къыпыкІа тхыльхэр, а адыгэ тхакІуэ щІэрыІуэм, егъэджакІуэ Іэзэм теуху тхыгъэхэр, сурэтхэр.

Зэхуэсым кьрихьэлІахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэщащ КъБКъУ-м егъэджьныгъэ Іуэхуэхмкіэ и проректор Къэжэр Артур. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, университетыр дапщэщи купщІафІэу ядолажьэ республикэм и курыт школхэм икІи и гуапэщ адыгэбзэмрэ литературэмрэр ди щІыналъэм щезыгъэджк Іэщ1агъэлІ пашэхэр мы зэхуэсым къызэрырихьэлІар. Абыхэм зыхуагъазэу зэІущІэм къыщыпсэльащ щІэныгъэлІэу Тэмазэ Мусьлимрэ ТІымыжь Хьэмыщэрэ.

Адыгэ тхакІуэм и гъащІэмрэ и творческэ гъэзугъэнэмрэ къызэхуэсахэм ягу къагъэкІыжащ Налом и къуажэгъу, «Хьэтуей» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ Къэудзокъуэ Анатолэ. Университетым адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и доцент УнэлІокъуэ Вячеслав и докладыр теухуат Ахьмэдхьан и щІэныгъэ лэжьыгъэхэм. Куэдым яфІахьэлэмэтащ КъБКъУ-м и магистратурэм и студентхэр Гъукіакъуэ Мадинэ Налом и «Нэхущ шу» романым зэрытепсэлъыхьа щІыпІэр. Пщащэм и къэпсэльэныгъэр триухуат адыгэ лъпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ романым къызэрыщыгъэлъэгъуам.

Адэкіэ утыкур хуит хуащІащ курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ. Дол Хьэсэнбий и цІэр зэрихьэу Хьэтуей дэт курыт школым и еджакІуэ Хьэщ1элІ Дианэ кьеджащ Нало Ахьмэдхьан теуху усэхэм. ЕгъэджакІуэ Іэзэхэу Сэбаншы Сэймэт, Жэнкъулей Маринэ сымэ, нэгъуэщІхэми ятащ адыгэбзэмкІэ дерс зэІухаэхэр, классыбэ лэжьыгъэ купщІафІхэр. Ахэр зэчэнджэщащ Налом и тхыгъэхэр курыт школым нэхъыфІу зэрыщегъэджьыпхъэ щыкІэхэмкІэ.

ЗэІущІэм и кІэхым къэпсэльа Къардэн Мусэдин, университетым адыгэбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщым, абы кърихьэлІахэм иджыри зэ ягу кьиригъэкІыжащ Нало Ахьмэдхьан и гупсысэ купщІафІхэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, тхакІуэм и псалъэ Іущхэу ущалъхуа Хэкур фІыуэ лъагъуныр, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэрэ зыщыгъэгъуэзэныр зи щхьэ пщІэ хуэзыщыкІ дэтхэнэ щІыхуми и къалэну зэрыщытыр къызыхэщхэр.

Семинарыр щызэхуащІыжьым абы кърихьэлІа хьэщІэхэм тыгъэ хуащІащ КъБКъУ-м и дамыгъэр зытет саугъэтхэр, егъэджакІуэхэм ираташ абы жьыджэру зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щІыхь тхыльхэмрэ сертификатхэмрэ.

ТАМБИЙ Линэ.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэхэр

Лъэхъэнэхэр зэпызыщІэ Іуэхущ1апІэ

Тырныауэ къалэм иджыблагъэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ абы дэт курыт школ №3-р къызэрызэІуахрэ илъэс 50 зэрырикъуар. А Іуэхугъуэ дахэм теухуауэ школым къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхьхьэм къахуеблэгъат хьэщІэ лъапІэ куэд. Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ гупымрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ ехъуэхъуну къызэхуэсахэм яхэтт Іуащ1ыхьэмахуэ районым. Тырныауэ къалэм я администрацэхэм я лыкІуэхэр, щІналъэм щылажьэ нэгъуэщІ еджапІэхэм, Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и ветеранхэр, къалэм и нэхъыжьыфІхэр, адэ-анэхэр, илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм школыр къэзыуахэр, нэгъуэщІхэри.

ШКОЛЫР ныкъэІуахауэ щытащ 1966 гъэм. ЛІэщІыгъуэ ныкъэу къызэщІэзыубыдэ гъуэгуанэм кърибыдзу ар ипэжьпІэкІэ хъуащ егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм я центр. Тырныауэ къалэм и курыкупсэм хуэзэу щауха еджапІэщІэр къыщызэІуаха махуэм къыщыщІэдзауэ хущІэкъуащ щІыналъэм и школ нэхъыфІ хъуныим. Къэтилпу зэтет школым и егъэджакІуэхэри еджакІуэ цІыкІуэри папщэщи жыджэру хэтщ къалэм, щІынальэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ куэдым, ар щІэныгъэ зэпеуэ е зыкъэгъэльэгъуэныгъэ ирехъу, спорт зэхьэзэхуэу е щэнхабзэ зэІущІэу щырет. Лэжьэн зэрыщІидзэрэ еджапІэм курыт щІэныгъэ щызэрагъэгъуэтащ ныбжьыщІэ мини 5-м щІигъум. ГъуэзджэмкІэ сабий школым, Щэнхабзэмкіэ уардэуэм и гъунэгъуу зэрыщытым и фІыгъэкІэ школакІуэхэм ягъэтащ творческэ зэІущынныгъи.

- Зэман куэд дэкІащ ди еджапІэр къызэрызэІуахрэ, - къыхигъэщащ и псалъэм школым и унафэщІ Хутуевэ Любовь. - Арщъэкіэ ди егъэджакІуэхэр дапщэщи хущІокъу къытщІэхъуэ щІэблэм щІэныгъэ куурэ лъэпкъ гъэсэныгъэ екІурэ зэрырагъэгъуэтыным. Аращ, зыхуэунэтІар нобэ школым щызэфІэтх Іуэхугъуэ псори.

Хутуевэм зэрыжиІамкІэ, школри абы къепсахуэ лажьэ сабий гъэсапІэри тетщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм кьигъэув мардэщІэхэм - Егъэджэныгъэмкіэ къэрал федеральнэ стандартыщІэм (ФГОС). ЕджапІэр къызэгъэпэщащ зыхуей псомкІи: абы иІэщ предмет хэхаэмкІэ кабинетхэр, компьютер классхэр, школажьэ тхыльмини 5-м щІигъу зыщІэлъ библиотекэ ин, спорт залышхуэу 2, актовэ пэшышхуэ, шхапІэ Іэхуитльэхуит. Урысыбзэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ программэм Іэмал имыІэу хухахащ анэдэлъхубзэхэр (адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ), хамэ къэралыбзэхэр (нэмыцэбзэмрэ инджылызбзэмрэ) джынымкІэ сыхьэт бжьыгъэхэр. Адэ-анэхэм зэрадэлажьэр ирагъэфІакІуэу, егъэджакІуэхэм къагъэсобэп электрон журналхэр.

Сабий гъэсапІэми курыт школми зэгъусэу щоджэ, щагъасэ ныбжьыщІэ 668-рэ. Школым екІуалІэхэм ящыщ дэтхэнэри гулъытэнэ хъуркъым. Абы хэхаэу щадолажьэ школакІуэ зэчиифІэхэми зи узынщагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэми. Бын унагъэушхуэм е унагъэ хуэмышІэхэм щыщхэм социальнэ дэІепыкъуэгъэ ягъэут: ахэр пщІэнэгъу ягъашхэ, тхьылъхэри ират.

ШколакІуэхэр щІэныгъэм и гъуэгум трашэ, абыхэм я дуней еплъыкІэм зрагъэужь егъэджакІуэ Іэкіуэлъаныгъэхэм. Абыхэм я процент 80-м нэсыр зи Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, квалификацэ лъагэ зиІэхэщ. Школым и Іэщ1агъэлІхэм яхэтщ УФ-м, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щЫхь зиІэ и лэжьакІуэхэр, егъэджэныгъэм и отличникхэр, щЫхь зиІэ егъэджакІуэхэр. Зы илъэси екъанэркъым егъэджакІуэхэр жыджэру хэмыту къалэм, районым, республикэм щекІуэкІ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. А псоми, дауи, и фІыщІэ ин хэлъщ илъэс 30-м щІигъуауэ а курыт школым и унафэщІ, РСФСР-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щЫхь зиІэ и лэжьакІуэ, цІыху гуащІафІэ Хутуевэ Любовь.

Школым и Іэщ1агъэлІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, абы и пашэм яхуэгъэпса хъуэхъу куэд щыжаІащ гуфІэгъуэ пшыхьым.

- ЛІэщІыгъуэ ныкъуэ мэхъури курыт школ №3-р ныкъэлэу хуолажьэ щІыпІэм къитаджэ щІэблэм щІэныгъэфІэрэ гъэсэныгъэ екІурэ зэгъэужьыным, - къыхигъащІащ и къэпсэлъэныгъэм Іуащ1ыхьмахуэ щІыналъэ администрацэм и Іэщащхьэм и къуэдзэ Азубэч Муізед. - ЩІэблэхэр зэпызыщІэ Іуэхущ1апІэм нобэ щылажьэхэми, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и ветеранхэми, ныбжьыщІэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми си гуапэу сокъуэхъу мы махуэшхуэр екъуэлІэныгъэщІэхэм дыхуэзышІэ хъуну, дэтхэнэ зыми и унагъуэм зэгурыІуэныгъэрэ зэпащьныгъэрэ ильыну.

Абы и жиІахэм пащэу пшыхьым кьыщыпсэлъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ Мыз Маринэ, егъэджэныгъэмкІэ район Іэнатіэм и пашэ Моллаев Сулеймэн сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэми хъуэхъу дахэхэр хужаІащ Іуэхущ1апІэм, лэжьыгъэм къыхэжаныкІахэр ягъэпэжащ щыхь, ныбжьыщІэм къаухэмащІ Іуэхущ1апІэм, лэжьыгъэм къыхэжаныкІахэр ягъэпэжащ щыхь, ныбжьыщІэ. Сеугъэт зыпІэпІэхэмкІэ.

Школым къикІуа гъуэгуанэм а пщыхьэщхьэм зэгъуэсэу иджыри зэ къьекІуэпІащхьэ. Хэти игу къигъэкІыжырт абы щылэжьа егъэджакІуэ пашэхэр, адрейхэр тепсэлъыхьырт щекІуэкІа Іуэхугъуэ хэлэмэтхэм, къаухуеблэгъауэ щыта цІыху щІэрыІуэхэм, ещанэхэми фІыщІэ ящІырт егъэджакІуэхэр я бынхэм адэ-анэ ятІуанэ яхуэхъуэ бзэдэтым.

Абы щыжаІа псори къызэщІикъуэжащ еджапІэм и пашэм. Хутуевэм фІыщІэ ин яхуищІащ школым и гуфІэгъуэр даІэтыну пшыхьым зыкърезыгъэхьэлІа дэтхэнэми.

Зэхуэсыр я къафэхэмрэ уэрэдзэмкІэ, усэхэмрэ теплъэгъуэ цІыкІуэмкІэ егъэдэхащ Іуащ1ыхьмахуэ районым, абы хьыхь школхэм я творческэ гупхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.
Іуащ1ыхьмахуэ район

Лъэужь нэху

ФэепІэ

«Си егъэджакІуэ, си ущиякІуэ, си гъащІэ гъэзугум и гъэлъэгъуакІуэ...» - щы-жеІэ егъэджакІуэхэм ятеуху уэрэд цІэрыІуэм. Дэтхэнэ зы егъэджакІуэми хужьпІэфын хуейщ а псалъэхэр. Апхуэдэу къытхущытащ мы тхыгъэм зи гугъу щысщІыну нэхъыжьыфІыр - Курп Ипщэ къуажэм дэт курыт щколым илъэс тхущІым щІигъкІэ щылэжьа Ащыж Лолэ Елдар и пхъур.

«ЛОЛЭ Елдар и пхъур» жыпІамэ, ди къуажэ зы цІыху закъуи къыдэпшынкъым ар гуапэу зигу къэмыкІыж, абы псалъэ гуапэ хужьызмыІэ, гукъэкІыж Іэфі гуэр хузимыІэ. ЕджапІэм сыщІэтІысхьэнкІэ куэд иІэт си адэм и псалъэхэм къыхэщу а бзылъхугъэм и цІэр щызэхэсхам. Дауэ ягу къэмыкІыжынрэ а цІыхубз гуащІэмащІэм школым щызэфІиха лэжьыгъэр? Ар щІэблэм къаухэнащ игъащІэкІэ яхурикъун хъугъуэфІыгъуэу.

Полэ 1952 гъэм къыщыщІэдзауэ щылэжьащ ди школым. Дей къуажэм къикІыурэ лажьэ бзылъхугъэ ныбжьыщІэр тыншу хэзэгъащ гу зэІухакІэ къыпекъа гупым. Апхуэдэ гуапагъэм Полэ и къаурмрэ жыджэрагъымрэ хагъахъэрти, игурэ и псэрэ етауэ лэжьыгъэм пэрыт. Пионерожатэ нэхъыжьу илъэс зыбжанэкІэ лэжьауэ, 1968 гъэм абы къызэрегъэпэщ «КъэхутакІуэ ныбжьыщІэм и клуб». «Искатель» цІэр зиІэ а клубым и кьалэнхэм ящыщт Хэку зауэшхуэм и зэманым ди къуажэм щыщу фронтым кІуэахэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ къэхутэныр, а лъэхъэнэм ди щІыпІэм щекІуэкІа зэзауэ гуащІэхэм я пэжыпІэр къэугъуеижьынырщ.

Лэжьыгъэшхуэ ящІащ Ащыжым и клубым хэта ныбжьыщІэхэм. Илэраурэ, абыхэм зрагъэщІащ ди жылэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкІуадэхэм я цІэ-унэцІэхэр, зэхуахьэсащ абыхэм я сурэтхэр. Абы къыкІэлъыкІуэу къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэр елІэлІащ ди къуажэрэ хуиткъыщІыжыным щІэбзэна зауэлІхэм я цІэ-унэцІэхэр зэгъэщІэным. Абы илъэс куэдкІэ елэжьащ Полэ и гупыр. Зэрыкъуажэу, цІыкІуи ини и дзэпыкъуэгъуэ а лъэхъэнэм Полэ къызэригъэпэщащ иджыпсту псори дызэрыгушхуэ музейр. Абы щІэлъ экспонатхэр зыриз-тІурытІурэ зэхуахьэсащ клубым хэта школакІуэхэм.

«Сыту емызэшыхт, сыту гуащІафІэт апхуэдиз лэжьыгъэр зыгъэщІэщІа бзылъхугъэр», - жеІэ музейм зыщызыплъыхьыну къакІуэ дэтхэнэ зыми. Абы щІэльщ Курп Ипщэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм, жылэр нэмыщІ зэрыпхуэдиІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьыным, Баку, Гроозн щІыдагъэ къыщІыпІэхэм ахэр емыгъэкІуэлІэным щІэзэуахэм ятеуху тхыгъэ, сурэт, хьэпшып куэд. ЦІыху миниблым я псэр щатащ ди Курп лъагаПІэхэм. Абдеж щызэуа сэлэтхэм, офицерхэм ящыщу щитІым нэблагъэм я цІэ-унэцІэхэр, я сурэтхэр, зэрахьа хьэпшыпхэр музейм щахъумэ, абджьипсхэм я лъабжьэм щІэлъу.

Еджапім и пщІантІэм дэтщ Курп лъагаПІэхэм щІэзэуа, абдеж зи псэр щызыта зауэлІ щиущым щІигъу щыщІалъхьа къэзышьхьэ. Абыхэм яхэтщ зи Іыхьлыхэр къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэм къагъуэта куэди. Совет Союз къэралышхуэм и щыпІэ куэдым письмохэр ятхырт еджакІуэхэм. Зи Іыхьлы ди щІыпІэм щыхэкІуэдауэ хъыбар зыІэрыихьэ куэд къакІуэу щІадзащ ди деж. ИужькІэ къызэрагъэпэщат Курп лъагаПІэхэм щызэуахэм я зэІущІэхэри. Илъэс куэдкІэ апхуэдэ зэІущІэхэр ТекІуэныгъэм и махуэм ирагъэкІуэкІащ. Ахэр псори сэбэп хъурт щІэблэр хэкупсэу, мамырщІэкъуу гъэсэныгкІэ, Хэкум и къыщхьэщыжакІуэу къэгъэтэджьныгкІэ.

Апхуэдиз лэжьыгъэ зэфІэзыха бзылъхугъэ гуащІафІэ, гъэсакІуэ икІи ущиякІуэ Іэзэ Ащыж Полэ къызэрытхэмытыжрэ мы гъэм илъэсипщІ мэхъу. Иджыри илъэсищэ дэкІами, ди щІэблэр иридгъэсэну, иридущину тхурикъун къытхуигъэнащ а цІыху щэджащэм. Школым щылажьэхэм Полэ и гугъу дымыщІу, ар дигу къэдмыгъэкІыжу зы махуэ закъуи дэмыкІми ярейщ. Музейм дерс зэІухауэ щедгъэкІуэкІыр сыт и уасэ, ди лэжьыгъэмкІэ сыт хуэдэ дэІепыкъуэгъу ар! Нобэми ди егъэджакІуэщ, ди щІэблэр гъэсэныгкІэ дэІепыкъуэгъуц Полэ. Дапщэрэ мэзейм ущІэмыхьами, умыльэгъуа гуэр, гу зылъымыта гуэр ущрохьэлІэ абы, еджакІуэм гъэщІэгъуэну бгъэдэплъхьэн хъыщыбгъуэт, ар зэхуэзыхьэсами фІыщІэ иджыри зэ хубощІ.

ХьэщІэ куэд къыхуоблагъэ Полэ къызэригъэпэща школ музейм. Экскурсовод ныбжьыщІэхэм я кьакІуэхэм жраІэ ди музейм и кьекІуэкІыкІар, абы щызэхуэхьэса хьэпшыпхэм, тхыгъэхэм, сурэтхэм яхутопсэльыхь. Ахэр щыслъагъуэкІи, си нэгу къыщІохьэж хьэщІэ къэкІуамэ, «Полэ игу зэгъаеу пІэрэт?» - жьтІэу дыпІейтейуэ зэрыщытар.

Полэ къыгъуигъэна хъугъуэфІыгъуэ уасэншэр ди лэжьыгъэм хэпщауэ

ЩІЫУЭПСЫМ и макъыр къозыгъэІущащэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтыщі гъуазджэхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм. Творчествохэмкіэ Дунейпсо Академием хэт, академик Конин Анатолий и Іэдакъэщіэкіхэр. Выставкэр къызэрагъэпэщащ художникыр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ **Рехмен Еленэ** и гуапэу кІыхьигъащащ ЩІыуэпсым и илъэсу ягъэуба 2017 гъэр дыкъэзыхъуреихь дунейм и дахагъэр плъыфэбзу щызэхэуху щызэхэуна выставкэ гукъинэжкІэ кІыэзэрызэІуахар.

Музейм и пэщищым щызэхуахьэсащ Кавказ Ищхъэрэм и щІыуэпс телъыджэр къызэрыщ, узытхьэкъу дахагъэкІэ гъэнщІа лэжьыгъэ 50. ЩІыпІэ зэмыщхьхэм зыщиплпІыхьыну фІыуэ зыльагъу сурэтыщІым и лжьыгъэхэм кІыщигъэльэгъуащ пщэдджыжь нэхулъэм къэунэху пшэплъыр, дыгъэ къухьэжыгъуэр, удзыпцІэ губгъуэхэр, жыг гъэгъахэр. ЖыпІэнуракъэ, а сурэтхэр апхуэдизкІэ гунэс пщэхъыр, зэ еплъыгъуэкІэ кІыпІоІущ щІыуэпсым и макъыр къоІущащэу. Художникым а дахагъэр тхьилъыпІэм кІыщигъэльагъуэ кІудей мыхъуу, а лэжьыгъэхэм езым и Іуэху еплъыкІэмрэ и дуней лъагъуКІэмрэ хеухуанэ. Абыхэм яхьолъагъуэ сурэтыщІым щІыуэпсым, ІуэздджэмкІэ, дахагъэм хуиІэ лъагъуныгъэр.

- ДызэрыщІыкІуэр ди нэгу щІэкІ дахагъэхэр Анатолий и лэжьыгъэхэм щытпъагъуми, дэтхэнэми зы щэху гуэр зэрыхэлъым гу лъыботэ. СурэтыщІым Іэмал къыдет и гупсысэм адэкІэ пытщэжыну... Уи юбилей гъэлъэгъуэныгъэмкІэ сынохъуэхъу, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Конин Анатолий зыщыхуигъаз эм.

Искусствоведенэм и доктор **Мэлбахъуэ Борис** и псалъэм кІыхьигъэщащ Конин Анатолий щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ фІыуэ зэхэщІыкІ ЦІыхуу зэрыщытыр, зэрыт ныбжьыми и Іэщ Іагъэми емыльытауэ, псом я дежкІи а лэжьыгъэхэр зэрыгурыІуэгъуафІэр, дэтхэнэми гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ зэрыратыр.

- НэхугъэкІэ, къабзагъэкІэ, дахагъэкІэ гъэнщІа ди налкъутналмэс КъэбэрдейБалъкъэрым сурэт тращІыкІыну е уэсэ триухуэну псоми къехъулІэркъым. Зи хьэлэкІэ, зи дуней тетыкІэкІэ зэпІэзэрыт, зи хъэтІ зиІэж Конин Анатолий и лэжьыгъэ щхьэпэхэмкІэ дегъэгуфІэ, - жиІащ лъахэхутэ, тхьилъ тедзапІэм и унафэщІ **Котляров Виктор**.

- Мы дахагъэхэр дэнэ фи гугъэ къызидикІар? Анатолий хуэдэу щІэх-щІхьыгъэ бззэжьеящэ укІуэн хуейщ, а дахагъэхэр къэбубыдыфын папщІэ. Абы и мастерскойм сыщыщІэскІэ, гу зылъыстэращи, еш имыщІэу и сурэтхэм ар тоІэззэщІыхьыж, мыхьэнэ нэхъыщхьэр кІихэбубыдыкІыфын хуэдэу, гугъэзагъэу ниІэсыхУ. Аращ абы и лжьыгъэхэм псэ яхэту къыщІыщІыхьури. Абы хуэдэу, зи Іэдакъэщіэкіхэр «къопсалъэ» сурэтыщІхэр мащІэщ! - жиІащ Конин Анатолий и ныбжьэгъу **Шыкуэ Заурбэч**.

Сурэтыщіым фІыщІэ яхуищІащ выставкэр къызэзыгъэпэщащэм, абы къыщыпсэлъахэмрэ зыкъэзыгъэхьэлІахэмрэ. Художникым и гуапэу кІыхьигъэщащ и лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къызэрэхъулІэр пщІэныгъэ быдэ зыхуиІэ и ныбжьэгъу пэжжэр къызэрыдэлэпыкъуам и фІыгъэу къызэрилъытэр.

Конин Анатолий и сурэтхэр зэхуахьэс ахэр зигу дыхьэу Урысейм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Австралием, Германием, Бельгием, Тыркум, Израилым щыпсэухэм. Къэщхэмыщ1ауэ, ахэр щахъуэмэ щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ музейхэм я фондхэм. Конин Анатолий и щхьэзакъуэ выставкэхэр 1972 гъэм къыщыщІэдзауэ Налшык, Германием и Штраусберг, Вюнсдорф къалэхэм щекІуэкІащ. Абы нэмыщІ, щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэща щІыналъэпсо, республикэпсо, урысейпсо гъэзэгъуэныгъэхэми жыджэру хэтащ.

Кониным и сурэтхэр зигу дыхьэхэр выставкэм кІуэну иджыри Іэмал щыІэщ - гъэлъэгъуэныгъэр мазаем и 5 пщІондэ екІуэкІынущ. КъыхэгъэщынтхьэщІ сурэтыщІыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу Котляровхэ Марие рэ Викторрэ я тхьилъ тедзапІэм абы и лэжьыгъэ нэхъыфІу 60 щызэхъуэса «Анатолий Конин. Живопись» альбомыр къызэрыщыдагъэкІар.

КъБР-м Узышагъэр хъумэныкІэ и министерствэ.

Дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу

● ФІыщІэ

Зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлі хъарзынэхэм республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм мымащІэу ущрохьэлІэ. Абыхэм я къалэнхэр жэуаплныгъэшхуэ пылъу ягъэзащІэ икІи я Іэнатіэр сытым дежи зэрефІэкІуэным хущІокъу. Абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэщ Республикэ клиникэ сымаджэщым нейрохирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Галеб Ибрэхьим-Саид. Иджыблагъэ сымаджэщым сыщыщІэлъам абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэр згъэунэхуащ.

Зыпэрыт Іэнатіэм хуэфащэ щІэныгъи Іэзагъи зэрыбгъэдалъыр сэ наІуэ сщыхъуащ ар къызэрызэІэза махуэ зыбжанэм. Къыззуэм узэрыпэщІэтыну щыкІэр зэман кІэщІым къриубыдэу зэхигъэкІри, адэкІэ езым ищІапхъэр псынщІэу иубзыхуащ. Сымаджэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр и чэзум игъэтынымкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Дохутырым сымаджэм хилъхьэж фІэщхъуныгъэр абы и узынщагъэр нэхъ псынщІэу зэтеувэжынымкІэ сэбэп мэхъу. Ар фІыуэ къызыгурыІуэ Ибрэхьим-Саид сымаджэхэм я Іуэху зыІутыр тэмэму жреІэ, адэкІэ зэрелІэзэнчи и гугъу яхуищІурэ я Іуэхур тэмэму зэрызэфІэкІынумкІэ гугъэ яретыж. И нэІэ щІэт дэтхэнэ зыми яхуэгумащІэщ, псоми зэхуэдэу и гулъытэр яльеГъэс. ЖыпІэнурамэ, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу Ибрэхьим-Саид, абы къыхэкІыуи сымаджэхэм яхэткъым къыхуэмыарэзы. И цІыхугъэр, и зэфІэкІыр зыхуэдэр згъэунэхуащи, пщІэ лъаги фІыщІэхуи хуэозІ.

Сохъуэхъу езыр зи хъумакІуэ узынщагъэм щымыщІэу, и Іэзагъэм хэхъуэу, гуфІэгъуэ, дэрэжагъуэ, нэмыс, насып иІэу и гъащІэр ирихьэкІыну.

ГУГЪУЭТ Артур (Хьэсен).

Дзэлыкъуэдэс къуажэ

Безыр Чэмал и махуэ лъапІэмкІэ дохъуэхъу

Режиссёр, телепублицист, тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Кавказ Ищхъэрэм и кинематографистхэм я союзым хэт, запасым и капитан Безыр Чэмал Къайсын и къуэр нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 80 ирокъури, дохъуэхъу.

ЗИ ПЩІЭР лъагэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ Безыр Чэмал и илъэс 50 творческэ лэжьыгъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым теуха фильм, киноочерк щэ бжьыгъэхэр, репортажхэмрэ хъыбарыщІэ сюжетхэмрэ трихащ. Абыхэм ящыщ куэд союзпсо каналхэм къыщагъэлъэгъуащ. «Всегда в пути», «Земля отцов», «Пушки меняют профессию» фильмхэр инджылызыбзэкІэ зэрадзэкІри, Евровидениемрэ Интервидениемрэ къыщатащ.

Безыр Чэмал и Іэдакъэщіэкіщ Къэбэрдей-Балъкъэрым телевидензр къыззрыщыззрагъэпэщамрэ абы и зыужьныгъэмрэ ятеухуа, щІэджыкІакІуэхэм гунэс ящыхъуа «От фото до видео» дилогиер. Абы и лэжьыгъэм гулъытэ щхьэхуэ иІэу къыщыхощ Кавказ Ищхъэрэм я ятеуэ эфирым дыкъызэрыщихьар икІи Совет Союзым фильмхэр щагъэкъэзыр студиехэм я нэхъыфІу пщым дызэрыхэхуар. Къэралым къыщащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ди фильмхэмкІэ икІи дызэрыгушхуэн дызэриІэр.

Безыр Чэмал иджыпстуи педагогикэ, жылагъуэ лэжьыгъэ жыджэру ирегъэкІыкІ. КъБР-м и Журналистхэм я союзым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтщи, абы и лэжьыгъэмэ хэлъхьэныгъэфІ хуещІ.

ПщІэ зыхуэтщІ, фІыуэ тлъагъу, илъэс 80 ныбжьыр зыгъэлъапІэ Безыр Чэмал дохъуэхъу узынщэу, творческэ лэжьыгъэм екъулІэныгъэхэр щиІэу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщІэу гъащІэшхуэ кІигъэщІэну!

И Іыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр.

Мэршэнкъул Нурхьэлий Мухьэж и къуэр

КъБР-м и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игуэтащ - КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Музыкэ театрым и уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ Мэршэнкъул Нурхьэлий (Іэдэм) Мухьэж и къуэр дунейм ехьжащ.

Мэршэнкъул Нурхьэлий ГИТИС-м музыкальнэ комедиемкІэ и факультетыр къиуха нэужь, Къэрал Музыкэ театрым 1969 гъэм лэжьэн щыщІидзащ. Ящэ махуэхэм щыщІэдзауэ ар адрейхэм къахэщыт и Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэизжьымкІэ, зыпэрыт Іэнатіэр фІыуэ зэрилъагъумкІэ, къыльыс жэуаплныгъэр зэрызыхищІэмкІэ. Мэршэнкъул Нурхьэлий зэпымыууэ зи Іэзагъэм хэзыгъэхъуэ актёр, теплъэ дахэ зиІэ тенор лъэщт, роль нэхъ гугъуэхэри къызэхъуліэт.

Зэрылажьэ зэманым къриубыдэу ар щІэджэгуащ Штраус Иоганн и «Летучая мышь» (Фальк), Кальман Имре и «Сильва» (Бони), «Фиалка Монмартра» (Марсель) оперетт хэм, Гаджиев Рауф и «Кавказская пленница» (Бубэ) комедием, Легар Франц и «Цыганская любовь» (Драготин), Канчели Гие и «Проделки Хануманы» (пащтыхь Понтишвили) оперетт хэм, Фельцман Оскар и «Пусть гитара играет» (Котик) комедиемрэ «Донна Люция» (Бабс) оперетт хэмрэ, Модуньо Доменикэ и «Чёрный дракон» (Дон Розарио), Александров Борис и «Свадьба в Малиновке» (Яшкэрэ Васярэ), Балэ Мухьэдин ІутІыж Борис и тхыгъэм къытрищІыкІа «Шамхьэн и фызышІэ» (Мэщыкъ) оперетт хэм, Жыдыкъ Заур и «Гум и щэхуэр» (ПІытІырав) комедием, нэгъуэщІхэми. КъищынэмыщІауэ, театрым зэрыщылэжьа зэманым къриубыдэу ар щыджэгуащ сабийхэм яхуэгъэза спектакль пщІы бжьыгъэхэм.

Мэршэнкъул Нурхьэлий республикэм и театр гъуаздджэм и къару емыблэжу хуэлэжьащ, хэлъхьэныгъэфІхэр зыхуищІа и Іэнатіэм щІалэгъуалэм я щапхъэгъэлъагъуэуи пэрытащ.

Іэужь дахэ къэзыгъэна актёр Іэзэм и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ. Ар зэи тщыгъупщэнкъым.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ, Театр лэжьакІуэхэмрэ Композиторхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр, Музыкэ Къэрал театр.

● Гу зылъытапхъэ

Сабийхэм фахуэсакъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхуэх!

Шынагъуэншагъэм и хабзэхэу дэтхэнэ зы унагъуэри зытетын хуейкэр зэрамыгъэзащІэм къыхэкІыу сабийхэм мафІэм, псывэм зэрисым къыхэкІыу щІэхщІэхьыурэ фэбжь зэрагъэзытым щхьэкІэ дыныволъэІу: цІыкІуэр я закъуэу къэвмыгъанэ, ахэр лъэІэсын хуэдэу псы пщтыр зэрыт кумбыгъэхэр фымыгъэув, газкІэ, токкІэ лажьэ Іэмэпсымэхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэ хабзэм фытет!

Сабийм фызэрытеплъэкъукІа дакъикъэ закъуэми абы насыпыншагъэшхуэ къыхуиухьынкІэ хъунущ.

ФхуэмыгъэзэкІуэжьын щыуагъэ фымылэжь, фи сабийхэр фхъумэ!

КъБР-м Узышагъэр хъумэныкІэ и министерствэ.

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фытхэу, фыкьеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхэр тхьэмахуэм щ1э къекІуэІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Ящэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыдыжьу хуейкэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Бзылъхугъэхэм я пэшым адыгэ пщащэхэм зыщагъэпсэух.
Сурэтыр **Ланкенау Хорст** *ищІащ. 1877 гъэ*

● Атлетикэ псынщІэ

Кучинэ Марие ехъулІэныгъэ зыІэрегъэхьэ

Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, щІалэгъуалэмрэ туризмэмкІэ урысей къэрал университетым (РГУФСМиТ) иджыблагъэ щекІуэкІащ атлетикэ псынщІэмкІэ зэхьэзэхуэ. Ар «Дычков Владимиррэ Озолин Николайрэ я 36-нэ мемориал» зи фІэщыгъэ зэпеуэм и щымахуэ турым и еплІанэ Іыхьэт.

СПОРТСМЕН 70-м нэблагъэ щызэхуэса зэпеуэм хэтащ дунейпсо чемпионкэ Кучинэ Марие. Ди лъахэгъум абы текІуэныгъэ къыщихьащ. Кучинэм нэмыщІ, зэпеуэм хэтахэм къахэкІакъым метритІ лъагагъым елъэфа.

Илъэсыр къызэрихьэрэ Кучинэ Марие мыр и ещанэ текІуэныгъэщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, иджыблагъэ ар щытекІуащ ВФПА-м атлетикэ псынщІэмкІэ и турым и етІуанэ Іыхьэмрэ, Лукашевич Юрийрэ Середкин Вячеславрэ я фэеплъу екІуэкІа урысейпсо турнирымрэ.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

● Футбол

Зыгъэпсэхун яухакъэ?

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятеп дивизионым щызэхэт зэхьэзэхуэм щыщІидзэжынум зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» щІышылэм и 22-м зэныбжьэгъуэгъэ зэІущІэ Сабий стадионым щригъэкІуэкІащ.

Я щІЫМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэр иухыу тхьэмахуэ ипэкІэ къызэхуэсыжа ди щІалэхэм я къарур иджыри зэрыубыдыжакъым. Абы и щыхьэтщ мы гъэм ятеуэ ирагъэкІуэкІа зэныбжьэгъуэгъэ зэІущІэм кърикІуар.

ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт Владикавказ и «Спартак»-м налшыкдэсхэр жыджэру ятеуэ ящІэуэат. Абы и фІыгъэкІэ Багъэтыр Альберт мыгувэу ди щІалэхэр ятеуэ иригъэщащ. АрщхьэкІэ псынщІэ дыдэу «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я къарур къаІэщІэухащ. Владикавказдэсхэм апхуэдэ щытыкІэм гу лъатащ икІи я ебгъэрыкІуэныгъэхэр щІагъэхуабжьри, хэгъэрейхэм я гъуэм топищ дагъэкІащ. Арати, хьэщІэхэм я текІуэныгъэкІэ джэгур 3:1-уз иухащ.

Хьэлэмэтращи, Владикавказ и «Спартак»-м щыджэгуар осетин защІэщ, дыдейхэм зэІущІэр къыщІадзащ ди республикэм къыщалъхуауэ яхэтыр цІыхуитІ къудейуэ. Абы наІуэу къегъэльагъуэ Осетие ИщхьэрэІ-Аланиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я футбол командэ нэхъыщхьэхэм тегъэщІапІэ ящІыр хэтми.

ХЬЭТАУ Исльам.

● БэнэкІэ хуит

Урыш Анзор дыщэр къехь

Красноярск къалэм щІышылэм и 13 - 15-хэм щекІуэкІащ БэнэкІэ хуитымкІэ XV Урысейпсо турнир зэІуха.

КИЛОГРАММ 97-рэ зи хьэлъагъэм я бжьыгъэкІуащ КъБР-м щыщ Урыш Анзор. Абы КъБР-мрэ Красноярск краймрэ я щІыхьыр ехьумэ.

Ди республикэм икІа Улымбащ Азрэт жэз медалыр къыщихьащ килограмм 74-м нэблагъэ зи хьэлъагъэм я деж.

Зэпеуэм къыщыхахащ «Иван Ярыгин» дунейпсо турнирым хэтынуэр. Ар Красноярск щекІуэкІынущ щІышылэм и 27 - 29-хэм.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдэз), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Іиэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьынымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъыр КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдэз **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**, *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн ячІыгъэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №86